ЩІыналъэ зэпеуэм щытекІуахэр

2-нэ нап.

Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ

2-нэ нап.

Дзэ Іуэху хэхам траухуэ

3-нэ нап.

«ЦыкІурат»

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№62 (24.500) • 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 26, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

Хьэрфхэр, дунейм и щэхухэр...

4-нэ нап.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и Щыхь тхылъыр Бгъэжьнокъуэ З. М. етыным и Іуэхукіэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и
Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Бгъэжьнокъуэ Зурият Мухьэмэд и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и Іэтащхьэ КІУЭКІІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2023 гъэм накъыгъэм и 23-м
№50-УГ

Хэхъуэнущ зыгъэпсэхупІэ лъэхъэнэм

● Зэ1ущІэхэр

«Кавказ.РФ»-м и генеральнэ унафэщІ Юмшанов Андрей лэжьыгъэ Іуэхукіэ Налшык къэкІуащ икІи КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хуэзащ. Ахэр тепсэлъыхьащ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм нэхъри зиужьын папщІэ, мылъку къыхаригъэлъхьа зэрыхъунум.

МЫ гъэм йолэжь обсерваторэм и Іэхэлъахэм иджыри щащІ лыжэ къэжьыхьыпІэм. 2024 гъэ пщІондэ кІапсэ гъэгуу тІу ящІынущ, километри 6,2-рэ и кІыхьагъэу.

«ЗыгъэпсэхупІэм зи мылъку хэзылъхьэну зэрдэм зыщІкэр тегъэгушхуэным теухуауэ Іуэху пыухыкІахэр зэфІагъэкІ. Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм КъэпщытэныгъэмкІэ и советым тІу къыхихакІэщ, адрейкэм я дэфтэрхэм иджыри хопльэ. ЗыгъэпсэхупІэм псори зэгъусэу халъхьэну я мурадщ сом мелард 23-рэ. Ар къэралым къыхуиутІыпщ мылъкум хуэдиз мэхъу. Иджыпсту щІыпІэр ягъэдахэ, къэжьыхьипІэхэм, зыгъэпсэхупІэхэм къыхагъахъуэ. Мылъку зиІэм ящыщу нэхъыбэ къыдихьэхьу республикэм и хэхъуэм дежкІэ фейдэщ. ЗыгъэпсэхупІэр зэІуэзэпщ хъумэ, щІыналъэм исхэри абы и хьэщІэхэри щыгугфІыкІынущ. Абы щыізэфІахьину Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыми куэдкІэ зихъуэжьнущ, республикэ мылъкум налогыбу къыхэхъуэр нэхъыбэнущ», - жиІащ Юмшановым.

КъулыкъущІэхэм зэрыжаІамкІэ, Азау щыпІэм зы архитектурэ теплъэ иІэнущ, паркыщІэ ящІынущ, спорт утыкуэхмрэ зекІуэпІэхэмрэ къэунэхунущ.

КъищынэмыщІауэ, щыпІэр уэс Іэрыщкіэ ягъэнщІынущ, иджыпсту Іуащхьэмахуэ уэс кьилхъыпІэ 20 щыІэщ, 2024 гъэ пщІондэ абыхэм я бжыгъэр 10-кІэ нэхъыбэ хъунущ. Лыжэкіэ жэпуэгъуэм и кІэм щыщІэдзауэ бадзэуэгъуэ пщІондэ къажьыхьэфу щытамэ, иджы а пІалъэр куэдкІэ нэхъ кІыхь хъунущ.

КІуэкІуэ Казбек Юмшанов Андрей фІыщІэ хуищІащ ди зыгъэпсэхупІэм и зыужьынымгъэм и нэІэ зэрытетым папщІэ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я дежкІи хьэщІэхэм я дежкІи нэгузэгъэужьынІэ лъэщ зэрыхъунум шэч къыізэрытримыхьэр жиІащ Іэтащхьэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Урысейм и хьэрычэтыщІэхэм я махуэмкІэ КЪБР-м и Іэтащхьэр зэрехъуэхъур

ПщІэ зыхуэтщІ ныбжьэгуэх!
Фи махуэмкІэ сынывохъуэхъу!

Хьэрычэтыщ1э Іуэхум зегъэужьыныр нэхъыщхьэу къытпэщылъхэм ящыщ зыщ. Фэ куэдкІэ фэлъытащ экономикэр къэгъэщІэрэщІэжьынри, абы и зыужьынымгъэри, мыекъонэщхъу зиІэ социальнэ къалэнхэр зэфІэгъэкІынри, республикэм и цІыхухэм я зэІузэпэщ псэукІэри.

Иужьрей илъэсхэм къэралми щІыналъэхэми куэд щалэжь хьэрычэтыщІэ Іуэхур гъэкІуэтэным теухуауэ. Гулъытэшхуэ хуащІ хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ зегъэужьыным. Ар сэбэп мэхъу я Іэнатіэм псынщІэу зызыхъуэж и щытыкІэм зыдрагъэкІунымкІэ.

Санкцэхэр къыщыттракъуэз зэман гугъум республикэм и хьэрычэтыщІхэм зыкъагъэлъэгъуащ хэкупсэ нэсхэу, жэуапльнигъэр зыхэзыщІэ цІыху жэрдэмщІакІуэхэу, ахэр зи унафэщІ Іуэхущ1апІэхэм лэжьыгъэхэр къыщызэтрагъэувыІакъым, къыщІагъэкІ хьэпшыпхэм хэгъэхъуэныкІэ, ящІэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэныкІэ жыджэру Іэнатіэм Іэмалыщ1эхэр къыщагъэсэбэп, дзэ Іуэху зэхэм хэтхэм зэрахузэфІэкІкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуохъу, псапэ ящІэ.

ФІыщІэ фхузощІ псэ хьэлэлкІэ фи Іуэхум фызэрыпэрытым, республикэ гъащІэм жыджэру фызэрыхэтым папщІэ. Хьэрычэтыщ1э Іуэхур егъэфІэкІуэным, абы зэрызиужьыну щыкІэхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэм адэкІи пытщэнущ.

Си фІэщ мэхъу, дызэщІыгъуэмэ, гугъуехь псори къызэрызэдгъэкІыфынур, Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ щытыкІэм зэрызедгъэужьыфынур, цІыхухэм я псэукІэр зэредгъэфІэкІуэфынур.

Сынывохъуэхъу узынщагъэ, ехъулІэныгъэ фиІэну, фІым я фІыжьым фыщІымыщІэну!

Лъэмыжхэм я щытыкІэм хуэбэлэрыгъыркъым

«Гъэзугфі шынагъуэншэхэр» пэхуэщІэм хиубыдэу мы зэманым лэжьыгъэшхуэхэр иращІыпІэ Шэрэдж псым телъ лъэмыжым. Ар и лъабжьэм къыщыщІэдзауэ къагъэщІэрэщІэж, къэуухьэри, лъэмыжыр зыныгъ лъащІэхэри, лъэс зекІуапІэхэри хиубыдэу.

КУЭД зэрыщыгъуэзэщи, лъэмыжыр зытелъ къэрал гъэзугу нэхъыщхьэм зы махуэм кьриубыдэу хьэлъэзэщэ машинэрэ транспорт зэмылІэужьыгъуэу мин бжыгъэхэр щыізэблокІ. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэмыж нэхъ инхэм хабжэр зыхуэй хуэзэу зэрагъэпэщыжьын хуей щІэхъуар. Дагъыстэным къыщыщІэдзауэ Осетие Ищхъэрэ - АланиемкІэ иухьжу, гъэнэгъу щІыналъэхэм дапызыщІэри а гъэзугрщ.

Лэжьыгъэхэр псынщІэу йокІуэкІ. Транспортыр а щІыпІэм щызэтримыхьэн папщІэ псым пІалъэкІэ тралъхьа лъэмыжыр сэбэлышхуэ мэхъу.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэм иджыпсту щыпащэ Прохладнэ - Іуащхьэмахуэ гъэзугум хуэзэу Бахъсэн псым телъ лъэмыжми. Мы гъэзугум зэпещІэ Бахъсэнрэ Дыгулыбгъуейрэ, Бахъсэнрэ Налшыкрэ. Иджыпсту ухуакІуэхэм зэрахъуэкІ сэкъат зыгъуэта гъэзугу зэпыхьэпІэхэр, сыту жьпІэмэ, абы куэдкІэ елъытащ лъэмыжыр зэрыізекІуэну пІалъэмрэ и щынагъуэншагъэмрэ.

Мы зэманым ирихьэлІу лъэмыжым бетонхэр тралъхьащ, лъэс зекІуапІэмрэ гъэзугумрэ зэпэщІэзэх къэухьэр ягъэуври, асфальт тралъхьажащ, лъэмыж зэпрыкІыпІэхэр къагъэнэхуащ. Абыхэм къакІэлъыкІуэу гъэзугум асфальтыр тІуащІу тралъхьэнурэ и бгъуитІым иджырей къэухьэр ягъэувынущ, гъэзугу дамыгъэжу тращІэнущ.

Лэжьыгъэ псори мы гъэмахуэм кьриубыдэу зэфІагъэкІынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Зэхъуэкіыныгъэхэр халъхьэ

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэІущІэр дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ.

ДЕПУТАТХЭМ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыпІэ хэхакІуэ комиссэхэм я ятеухуауэ», КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» КЪР-м и Законхэм.

ЗэІущІэм ялэ еджэгъуэу арэзы щытехъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ КЪР-м ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондымрэ я бюджетхэр 2022 гъэм зэрагъэзэщІам теухуа законопроектхэм.

КЪБР-м ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и унафэщІ **Бгъэжьнокъуэ Зурият** тепсэлъыхьащ «КЪБР-м ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр 2023 гъэм, 2024 - 2025 гъэхэм ятещІыхьауэ» КЪР-м и законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныным и Іуэхукіэ» КЪР-м и законым и проектым. Дэфтэрым Іуэхущ1апІэм и хэхъуэр зыхуэдэну къагъэлъэгъуам зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ, налогым щымыщ и хэхъуэхэмрэ ипэ илъэсхэм Іуэхугъуэ хэхахэм хуэгъэзауэ къамыгъэсэбэпа ахъшэр иджырей бюджетым хэлъхьэжьнымрэ къэлъытауэ.

- Фондым 2023 гъэм кьигъэсэбэпыну зыхуеинум хэтлъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр кьыжьІащ 2022 гъэм субвенцэу къэна сом мелуани 176,9-р фІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ программэр зэрыдгъэзэщІэнум, налогым щымыщ хэхъуэу сом мелуани 5,2-рэ 2022 гъэм кьыдэхуа субвенцэ ахъшэу сом мелуан 48,2-рэ бюджетым зэрыхэтлъхьэжьым, - кьыхигъэщащ Бгъэжьнокъуэм.

Депутатхэм зэдзарэзыуэ къащтащ «Щэнхабзэм и Іуэхукіэ» КЪР-м и Законым и Іыхьэ 28-нэм, 36-нэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪР-м и законым и проектыр.

КЪР-м и Парламентым епха Жылагъуэ советым хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и проректор **Азычэ Светланэрэ** Май район сымаджэщым и дохутыр **Савченкэ Натальерэ**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэм, узынщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм епха и Іуэхущ1апІэхэм 2022 гъэм зэфІагъэкІа Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр кьыізэрапщытам кьрикІуам теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэлъащ КЪР-м и лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим**. Абы зэрыжиІамкІэ, министерствэм и нэІэм щІэтщ республикэм Іуэхутхьэбзэхэр къызэрыщызэрагъэпэщым и фІагъыр къэпщытэныр. А Іуэхур къызэзыгъэпэщ Жылагъуэ советым къызэщІеубыдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэу, фейдэм пымыиІ Іэнатіэу, псапащІэ фонду 20-м щІигъум я лІыкІуэхэр. Апхуэдэу 2022 гъэм я лэжьыгъэм и фІагъыр кьыщащпщытащ узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэхэм я процент 32-м, щэнхабзэм и Іуэхущ1апІэу - процент 24-м, егъэджэныгъэм епхауэ - процент 35-м.

- 2022 гъэм зи лэжьыгъэр фІыуэ кьызэзыгъэпэщу кьалъытахэм ящыщщ (балл нэхъыбэ зыхуагъэувахэр) узынщагъэр хъумэным и Іуэхущ1апІэу 13, щэнхабзэм и Іэнатіэу 6, районхэм я егъэджэныгъэ Іэнатіэу 34-рэ, - жиІащ кьэпсэльаи.

- Балл мащІэ дыдэ къызэхъэри щІэм Іащ. Апхуэдэу узынщагъэр хъумэным и Іэнатіэу зы, щэнхабзэм елэжьу 2, егъэджэныгъэм епхауэ 7 къэдгъэлъэгъуащ. Щыщ1эныгъэ зиІэхэм я Іуэхур зэрагъэзэкІуэжыну Іэмалхэр хуатхащ. Къэбгъэлъагъэмэ, республикэм и Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр 2022 гъэм къызэрызэрагъэпэщащ нэхъыфІу къэтлъытащ 2021 гъэм ебгъапщэмэ. 2023 гъэм Іуэхущ1апІэу 203-м я Іуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщыщ къэтпщытэну ди мурадщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

2023 гъэм накъыгъэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтынущ.

ЩІыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЗытегъэщІапхъэ Іэмалхэр

«ЩІыналъэр ахъшэ хэлъхьапІэ щІыпымкІэ, удэзыхьэх теплъэ иІэу, и промышленностым зэрызрагъэужь Іэмалхэр къэзыгъэсэбэпын» фІэщыгъэм тету иджыблагъэ Налшык къалэм щекІуэкІащ республикэм и бизнес-жылагъуэм хэтхэм я зэхьыхь зыбжанэ.

АХЭР къызэрагъэпэщащ КЪР-м ПромышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министерствэмрэ Урысей Федерацэм и техноларкхэмрэ экономикэм хэха и щІыпІэхэмрэ (ОЭЭ) я зэгухьэныгъэм хэт кІэлъыплъакІуэ гупым и унафэщІ Шпиленкэ Андрей зи пашэ Іэщ1агъэлІэкІэмрэ.

- Гупым хэтхэр дыкъэкІуэн ипэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм лэжьыгъэхуэр дедгъэкІуэкІащ, Хэгъэгум и предприятэхэм ящыщу 50-м щІигъум я зэфІэкІыр зыхуэдэм дыхэплъащ. Иджы, бизнес-жылагъуэм хэтхэм дащыщ1экІэ, дэ нэхъ зэхэщІыкІыгъуэу тхуэзэпкрыхьинущ икІи кьытхуэгъэлъэгъуэнущ щІыналъэм и промышленностым зиужьныкІэ нэхъ зытегъэщІапхъэ Іэмалхэр зыхуэдэри абыхэм я къэгъэсэбэныкІэ хьунри. ДыхущІэкъунущ Іуэхугъуэщ1эм хьэрычэтыщІэхэр щыгъуэзэ хуэгъэщІ къудей мыхъуу, лэжьыгъэм дедгъэхьэхыну, тедгъэгушхуэну, - къыхигъэщащ Шпиленкэ Андрей, журналистхэм щепсальэм.

Дерс-зэхьхъэ пэщІэдзэр къыщызэІуихым, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ зытепсэлъыхь Іэмалыщ1эр республикэм и промышленностым нэхъри зиужьынымкІэ хэкІыпІэфІу зэрыщытым.

- Индустрие-промышленнэ технопаркэр инженер-транспорт хэІухуэщІэхэмкІэ (инфраструктурэ) зыхуэныкъуэ щымыІэу зэгъэпэщ щІыпІэущ зэрыщытын хуейр. Апхуэдэхэращ производствэщІэ къыщепхьажьэ хъуну кьалъытэри, - жиІащ Говоровым.

Япэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КЪР-м промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министр Іэхъуэбэч Щамил.

- Республикэм и бизнес-жылагъуэм мы махуэхэм къыхуэзрагъэпэща дерс-зэхьхьэхэм экономикэм телажьэ Іуэхущ1апІэхэм я пашэхэм щыгуазэ зыщыхуащІыфынущ «промышленнэ кластер» зыфІаща дзей зэгухьэхэм хьыхьэн папщІэ къагъэсэбэпыпхъэ Іэмалхэр зыщІыкІ, сом меларди 100-м нэблагъэ щыхуэр, зы илъэсым кьриубыдэу проценти 5,25-рэ нэхъыбэ щхьэщамытыкІыну, къызэрыІыхьэфыну щыкІэм, лэжьыгъэм папщІэ зыхуеинуэр къызэращ1ащхуну ахъшэр, сом мелуани 150-м нэблагъэр, зыІэрагъэхьэнымкІэ бгъэдыхьэкІэу къагъэсэбэпыпхъэхэм, нэгуэщІхэми, - жиІащ Іэхъуэбэчым.

Индустрие-промышленнэ технопаркэр зэгъэпэщынымкІэ проектхэр ягъэхьэзыр, УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэр я щІагъэхьуэну, къэралым щагъэзащІэ федеральнэ программэхэм ялкъ иту.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ТранспорткІэ къызэрагъэпэщ

● Узынщагъэ

«Узынщагъэр хъумэн» лъэпкъ проектымкІэ ди республикэм къыІэрыхьащ «Гранта» автомобилу 19. Ахэр иратынущ республикэм и райони 7-м ящыхь къуажэхэм щыІэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм.

МАШИНЭХЭР кьагъэсэбэпынущ пІалъэ кьыхэмыкІыну дэІэпыкъунигъэ хуэныкъуэ сымаджэхэм я унэм участковэ дохутырхэр щыкІуэкІэ. Апхуэдэуи а автомобилхэмкІэ республикэм и кьуажэ пхыдзахэм щыпсэухэу зи узынщагъэм нэхъ кууэ кІэлъыгъэпЛъапхъэхэр район сымаджэщхэм ирагъэшэнущ.

Прохладнэ районым и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм ратынущ автомобили 3, Дзэлыкъуэ, Тэрч районхэм - автотранспорту 4, Аруан, Бахъсэн районхэм - щырыщ, Шэджэм, Шэрэдж куейхэм - машинэ зыриз.

«Узынщагъэ» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ республикэм и районхэм щыІэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэр автотранспортэмкІэ хъарзынэу къызэгъэпэща мэхъу. Апхуэдэу 2020 гъэ лъандэрэ щІыналъэм и медицинэ Іэнатіэхэм щхьэкІэ къаІэрыхьащ автомобиль 60, 2025 гъэ пщІондэ иджыри машинэ 34-рэ къащ1ухуну я мурадщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.



ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2023 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр йокІуэкІ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 819-рэ кІэпІейкІэ 90-рэ;

фэ езым пощтым кьыщыфщтэжьнумэ - сом 745-рэ кІэпІейкІи 2-рэ.

Ди индексыр П5894

● Зэхыхьэхэр

Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ

Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэм, накъыгъэм и 24-м, щекIуэкIащ зэхыхьэ гуапэ. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жылагуэ проектхэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэр и дэIепыкIуэгъуэ.

ЗЭIУЩIЭМ ирагъэблэгъащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жылагуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамбулэт**, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и управленэм и унафэщI **Мыз Маринэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым хэт, «Память в наследство» жылагуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м и ТхакIуэхэм, и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, тхылъ тедзапIэм и унафэщI, тхакIуэ, лъахэхутэ цIэрыIуэ **Котляровэ Марие**, Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» жылагуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Ситниковэ Людмилэ**, КъБР-м ис мусluымэнхэм я дин Iуэхуэщ1апIэм и унафэщIым и дэIепыкIуэгъу **Амщыкъуэ Анжелэ**, Налшык и благочиннэм и лIыкIуэ **Осипов Константин**, жылагуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм щыщхэр, еджакIуэхэр, студентхэр.

Библиотекэм и лэжьакIуэхэм тхылъ дапхъэ къызэрагъэпэщащ, Iуэхущ1апIэм и фондым и гъэтIылъыгъэ нэхъ гъэщIэгъуэну къалъытэхэр кьызэщIиубыдэу. Зэхыхьэм зыкъызрезыгъэхьэлIахэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, зыхагъэгъуэзащ а тхылъхэм.

Зэхыхьэр щыщIидзэм, къэрал махуэшхуэм и тхыдэм, ар гъэпсыпIэным щIэдзанIэ хуэхъуэм ухэзыгъэгъуазэ. Абы кьыщыгъэпсыгъуащ махуэшхуэр славян тхыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа уэзщIакIуэхэу, чыристан диныр цIыхухэм яхэзыхьа щих зэкъуэшхэу Кириллрэ Мефодийрэ я цIэм зэрепхар. Абыхэм альифбейр зэрызэхагъэувам и мызакъуэу, инджылыз ущиекэр, псыхэр, тхьэлъэIу тхыгъэхэр зэрадзэкIащ. Зэкъуэшхэм зэхалъха славян тхыбзэм и альифбейрщ нобэр кьызэдэсым къэгъэсэбэныр. Абы и цIэр - кириллицэр - Кирилл и цIэм кьытехьуакIащ. Ящэу ар ягъэлъапIэн щыщIадзар Болгариеращ. Урыс Члисэм и жэрдэмкIэ, щих зэкъуэшхэу Кириллрэ Мефодийрэ я фэеплъ махуэр 1863-м щыщIэдзауэ ягъэлъапIэ. Урысейм а махуэр члисэ-къэрал махуэшхуэу кьыщащтащ икIи абы ирихьэлIэу конференцэхэр, славян кьеджэныгъэхэр, концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, тхьэлъэIуэхэр ирагъэкIуэкI.

Кьызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Лъэпкъ библиотекэм щеджэ и пэшым и унафэщI Нанэ Ларисэ. Абы жиIащ илъэс етхуанэ хьуауэ я Iуэхущ1апIэм мы зэIущIэ щхьэпэр кьызэрыщыщIэрагъэпэщыр, лъэпкъ зэмылIэужьыгьуэхэм кьыхуезыджэр. Зэхыхьэр кьызэхьылъхьахэм я кьалэн нэхъыщхьэу абы къигъэльэгъуащ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэр егъэфэкIэуныр, урысыбзэр хъума, лъэпкъ зэмылIэужьыгьуэхэм щыщхэр абы иризэгурыIуэу къагъэсэбэпыныр.

Герговэ Джамбулэт Къэбардей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм щыщ дзтехэнэри кьыхуриджащ я щэнхабзэм, тхыдэм зрагъэужьыну, лъапIэнигъэхэр ялытэну, гъунэгъу лъэпкъхэм кьахэкIахэм пщIэ, ныбжьэгъугъэ яку дзлъыну.

- Мы зэманым кьуэхэпIэр хущIокъу урысыбзэр, урыс щэнхабзэр, Урысейм и тхыдэр игъэкIуэдыну. Абы зэрытхуэзэфIэкIкIэ дыпэщIэтын хуейщ, ди лъэпкъ тхыдэмрэ ди пщэдейрэ кьыгуэхьпIэ имыIэу зэпыщIащи, - жиIащ Герговэ-вым.

Емуз Нинэ и псалъэм кьыхигъэщащ лIэщIыгъуэ 12 хьуауэ ягъэлъапIэ махуэшхуэм мыхьэнэ зэриIэр. Абы ягу кьигъэкIыжащ щIэныгъэлI, конкурсэхэр щIэлIэуэр урысыбзэкIэ псалъэу, абы ирилажьэу зэрыщытар, урыс щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лъабжьэр гъэтIылъныным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIар. Абы щIэблэр кьыхуриджащ библиотекэм щIэх-щIэхэу я кIэну, пэжымрэ пцIымрэ зэхагъэкIыфын, хьыбар нэпцIхэм зыщыкъумэн папщIэ тхыдэр яджыну, япэ итахэм я лжэныгъэфIу кьэралыр зэрыгушхуэхэм иджыри кьыпащIну, я лъэпкъыбзэр, щэнхабзэр яхъумэну, ирагъэфIэкIыну.

Ситниковэ Людмилэ тепсэлъыхьащ зыкъэзушхэу Кириллрэ Мефодийрэ славян тхыбзэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэм, абыхэм урыс альифбейр кьызэрызэрагъэпэщам, я щIэинхэм.

Амщыкъуэ Анжелэ кьытеувыIащ Къэбардей-Балъкъэрым щыпсэухэм, я лъэпкъ щэнхабзэм кьыдэкIуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэмэ зыхагъэгъуэзэн зэрыхуейм, щIыналъэм зрагъэужьынымкIэ, мамыру дыпсэунымкIэ ар щIэгъэкъуэн зэрыхъунум.

Зэхыхьэм кьыщыпсэлъахэм нэхъыщхьэу кьыхагъэщащ Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я тхыбзэр зэфIэувэныкIэ кириллицэм мыхьэнэшхуэ зэриIар, урысыбзэм лъэпкъ куэд зэрызэкъуигъуэвэр. ЩIалэгъуалэр кьыхураджащ урыс, лъэпкъ тхыбзэхэм я хабзэхэр, тхыдэр яхъумэну, я щIэныгъэм хагъэхъуэну, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну. Къэбардей-Балъкъэрым Лъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жылагуэ проектхэмкIэ и министерствэм зэIущIэм хэтахэм тхылъхэр тыгъэ яхуищIащ.

Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэр республикэм и кьалэхэмрэ районхэмри щагъэльэгъуа1ащ, пшыхь гъэщIэгъуэнхэр, концертхэр зэхащIэри, Къэпщытэмэ, Мечиев Казим и цIэр зезыхьэ Ныбжьыщ1эхэм я библиотекэм кьыщыщIэрагъэпэщащ «От первых букв до библиотек», «Откуда пошла грамота на Руси», «Что мы знаем о славянской письменности?» зэхьыхьэхэр. ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ республикэ Сабий Библиотекэми ныбжьыщ1эхэм папщIэ зэхьыхьэ щIэщыгъуэ щIрагъэкIуэкIащ. Темыркъан Борис и цIэр зезыхьэ къэрал филармонием и симфоние оркестрым концерт щитащ «Налшык» санаторэм. КъБР-м и Лъэпкъ музейм, Вовчок Марко и цIэр зезыхьэ музейм, ди щIыналъэм и тхыдэ-лъахэхутэ музейхэм декоративно-прикладной Гуэаджэм и Iэпщ1элъапщIэхэм я лжэныгъэхэр щагъэльагъуэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

ЩIыналъэ зэпеуэм щытекIуахэр

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм щагъэлъэпIащ сабий творчествэмкIэ «Полицейский дядя Стёпа» урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ.

КъЭРАЛ кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант **Павлов Василийрэ** МВД-м дэлажьэ Жылагуэ советым и тхьэмадэ **Мэкъушэ Руслanрэ** зэпеуэм щытекIуахэмрэ абы и лауреатхэмрэ ираташ министерствэм и щIыхь тхылъхэмрэ гукъинэж ящIыхьну саугъэтхэмрэ.

Павлов Василий ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ я текIуэныгъэмкIэ икIи кьыхигъэщащ мыпхуэдэ Iуэхуэхэр егъэкIуэкIыныр кьыгущIэхьуэ щIэблэр цIыху нэсрэ щэныфIэу, хакупсэу гъэсэныкIэ сэбэп зэрыхьур.

- Сабийхэм я Iэдакъэщ1экIхэм кьыхощ абыхэм ящыщ дзтехэнэми полицэр и лэжьакIуэм сыт щыгъуи кьыдэIэпыкъуну хьэзыр цIыхуу кьызэралытэр. Кьыхэгъэщыпхъэщ мы зэпеуэм фыхэткIэрэ, ныбжьыщIэхэм фи зэчийм рэ Iэпщ1эльапщIагъэмрэ кьызэрыгъэльэгъуагъэр. Си фIэщ мэхъу ноби утыку кьифхьа фи творческэ жыджэрагъыр гъащIэм увыпIэ тэмэм щывиIэным зэрыхуэкIуэнур. Дэтхэнэми ехъулIэныгъэхэр фиIэну си гуапэщI Сыт щыгъуи зэIуахэр зэчиифIэу фыщыт!

Щ1хьэхуэу псалъэ гуапэхэр зыхужаIа ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэм министерствэм и унафэщIхэм фIыщIхуащIащ сабийхэм ябгьэдэлъ зэфIэкIыр къаГъэлъэгъуэныкIэ Iэмалэр хэкIыпIэрэ зэрыратым папщIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Дэ1эпыкъуныгъэр зэпыуркъым

Урысейм иригъэкIыкI зауэ Iуэху хэхам хэтхэм Бахъсэн щIэнаIэм икIыу хуаутIыпщащ иджыри зы гуманитар дэIепыкъуныгъэ.

КъАРДЭНЫМ и цIэр зэрихьэу Бахъсэн кьалэм дэт курыт школ №10-м щеджажэм кьабгъэдэкIыу зауэлIэхэм хурагъэщащ ерыскIыхэкI зэмылIэужьыгьуэхэр, зэрыжьыщIэ, зэрылэбэ хьэпшыпхэр, цIыкIуэм езыхэм я Iэкlэ ятеи писмохэмрэ ящIа сурэтхэмри хэлъу.

Ахэр зэхуэхьэсащ еджакIуэхэм я адэ-анэхэмрэ школым щылажьэхэмрэ. Щ1ыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур фIыщIэ ин яхуиIащ ди къэралым и шынагъэншагъэр зыкъуэмэу псэзэпылъхьэпIэм Iутхэм щIэхщIэкIыуэ апхуэдэ гулъытэ яхуэзыщI и пльахэр зыхуэн.

Куэд щIакъым районым администрацэм кьыбгъэдэкI дэIепыкъуныгъэр зи транспорткIэ зауэлIэм яхуэзышэ щIалэм машинэ щэрхьэхэмкIэ зэрыхуэупсэрэ. Иужьрей мазэм кьриубыдэу мыр ещанэу япоIэбэ зауэ Iуэху хэхам хэтхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIа, къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр езыгъэкIуэкIа, адыгэ гъащIэр пэжагъ ин хэлъу къэзыгъэльэгъуэжа Хьан-Джарий и художественнэ тхыгъэхэм лъэпкъ щIэныгъэмрэ литературэмрэ я тхыдэм щыпIэшхуэ щаубыд.

АР КЪУЭЗЭРАЛЪХУРЭ илъэс 215-рэ иритхуащ накъыгъэм и 16-м. Профессор ХьэкIуащ Андрей зэритхьыжьымкIэ, Хьан-Джарий Мэмэт и къуэр хьэмыщIей лъэпкъым и къуажэхэм ящыщ зым 1808 гъэм щыщалъхуащ. Ар кьызыхэкIар адыгэхэр хьанакъуэкIэ зэджэ лъэпкъ цIэрыIуэрщ. И къуэш нэхъыжьыми ещхьу, и сабиигъуэм ар кьану ираташ, иужькIэ езым зэритхьжьигъаМкIэ, Хьэсэнкlэ зэджэ лIыжь акъылыфIэм . Ауэ зэман джIыну и адэ Мэмэт-Джарий урысхэм я лъэныкъуэ зыщищIым, Псыжь адрыщIым щIы къыщату щыIэпхъуэм, и къуэр зришэлIэжьым хуей мэхъу. Зи адэр пасэу зыцIэрыIуэда ныбжьыщIэр куэд дэмыкIыуи унагъуэшхуэм и унафэщIу къонэ.

Хьан-Джарий Екатеринодар (иджы Краснодарщ) дэта еджапIэхэм ящыщ зым пIалъэ гъэркIэ щIэсащ, и деж егъэджакIуэ къыхурагъэблагъэу зэрыгаръэжам нэмыщIкIэ. И къуэш нэхъыжьым щIыгъуу ар 1825 гъэм урысыдзэм хохьэ, а зэманым хэхъэхэзыра тхылъымпIэхэм кьызэрыхэщыжьымкIэ, ар урысыбзэм ирипсалъэр, кьеджэкIэрэ тхэкIэрэ ищIэрт, нэхъ пасэу зригъэщIа тыркубзэм и щIыIужкIэ. 1826 - 1827 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Къэжэр зауэм зэшитIри макIуэ, абы кьыщIигъэльэгъуа лIыхъужьыгъэхэм папщIэ ар офицер ящI, дыжьын медалрэ орденрэ кьыхуагъэфащэ. А илъэситIми Хьан-Джарий генералщIэрыIуэ Бенкендорф К. Х. и Iуэхуэхьэу щытащ, фIыщ илъэгъуэ бгырыс щIалэмэ ар иужькIэ мызэрэ-мытIэу дэIепыкъуэгъуэ кьыхуэхьуащ.

Хьан-Джарий лIыгъэ хэлъу хэтащ Урыс-Тырку зауэми. А зэманым абы поручик цIэр кьэIфIащ икIи къэзакъыдзэм хагъэхьэ. 1830 гъэм ар Бытырбыху ягъакIуэ икIи абы кьулыкъу щищIэу щIедзэ Кавказ-Бгырыс эскадрон ныкъуэм. И къуэм. И,ужьыгьуэкIэ ар Польшэм щекIуэкIа зауэм гуп щхьэхуэм и унафэщIу ягъакIуэ, зыщщIплIрэ уIэгъэ абы щохъу, и лIыхъужьыгъэхэм щхьэкIи урыс ордену Станислав щихьымрэ прус пащтыхьым и орден Бгъэ Пльэкьыыпрэ кьыхуагъэщIащ.

Акъыл жан зэриIэр, жэуапIныгъэ хэлъу и къулыкъуэр зэрырихьэкIыр къалъытэри, Хьан-Джарий полковник цIэр кьыфIащ, пушт пащтыхьым и флигель-адъютант ящI, Кавказ-Бгырыс эскадрон ныкъуэм и унафэщIу ягъэуф. Пащтыхьым апхуэдизу пэгъунэгъу, и ныбжькIэ щIалэм, кьулыкъу лъагэрэ щIэ лъапIэхэмрэ зыхуагъэфащэ Хьан-Джарий Урысейм и щIыхьэрым щIэрыIуэ щохъу, цIыхугъэ, ныбжьэгъуныгъэкIэ щIэгъэкIуэн, унагъэнэхъщIэрыIуэхэм я гуапэу ирагъэблагъэ.

40 гъэхэм я пщIондэм Хьан-Джарий и хэку кьагъэкIуэж. ЗэрымыцIынщэм щхьэкIи кьимыгъанэу, ар куэд щIауэ и нэ кьызыхуикI творческэ лэжьыгъэм зрет: япэ и художественнэ тхыгъэр дунейм кьытохьэ, адыгэ Iуэрыпсатэм и тхыгъэхэр щIэзэхуэхьэсыжа тхылъ егъэхьэзыр, пащтыхьым фIитхьэкъуа «Шэрджэсым теухуа тхыгъэхэр» зыIэригъэхьэжу кьыдигъэкIыну яужь йохьэ, абы и лъIур хуамыIэгъащIэми. Мурад ин ищIахэр илажьыныжу, ипIэ 34-рэ фIэкIи имыныбжьу Хьан-Джарий 1842 гъэм дунейм ехьжащ.

Иджыри кьызэдэсым зэхэмыгъэкIауэ кьонэ абы и кIуэдыкIар. Абы и щIалэгъуэми узынщагъэшхуэ иIакъым, ауэ, язныныкъуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар урысхэмрэ бгырысхэмрэ я зэпыщIэныгъэм и бийхэм ягъэлIащ. Абы и кIуэдыкIэм и пажэлIэр ящ къэзыгъэнэуа Бурнашев В. я Iуэхум теухуауэ мыр итхыгъащ: «Зэгурэым Джарий къумыс щIыIэкIэ и пIыс хуэлIэр иригъэкIри, жей кьытеуащ, пэжыи, гуфIэр и нэгум щIэту ар Iурихащ, зэи кьызыщIымыуяжну: щIэту зыхэль къумыс ирагъафэри ар ягъэлIащ». Ар пэтIынчъ Iыхьжащ Екатеринодар пэтIынчъ щIэта, езыр зыщIыпсэуа Льпостэнхьэблэ кьуажэм.

И лъэпкъыр зыхэт кIыфIыгъэм кьыхэхыни зэрыхуейри, щIэныгъэм и пхыгъэхэм я лъэныкъкIэ хъуным и Iэмалхэри кьуауэ Iыгъэ цыгуэзэзэмри, ар езыри и зэфIэкIхэм йоплъыж, и анздзэльфэзэм тхыбзэ хуэзхелъхэ, и щхьэкIэ ар кьиГъэсэбэпу щIедзэ. ИригъэкIыжащ кьэхутэныгъэхэм я гугъу ищIыжырэ, «Шэрджэсым теуху тхыгъэхэм» абы мыр щитхьжыгъащ: «Сэр дыдэм я бзэм (шэрджэсыбзэм) папщIэ альифбей зэхэсIкъащ, зэнщIыуи ехъулIэныгъэ зыIэрыгъэхьащ... а хьэрфыщIэхэмкIэ сэ тынщу шэрджэс хъыбархэр стхыф сыхъащ, шэчынщэу, абы хьэкъ кьысщищIащ зэфIэкI мыкIуэщIыжкэр а кьахутэныгъэм зэриIэри, ярыншамэ шэрджэс лъэпкъым мыхьэнэшхуэ зыпльъ щIэныгъэр зэи зэрызыIэримыгъэхьэфыри».

Хьан-Джарий и тхыбзэм лъабжьэ хуищIа алфавитыр иджыкIэ зэхэгъэкIауэ щыткъым, и лжжьыгъэхэм и щхьэ течауэ зыщIыпIи абы и гугъу щыщIакъым. Тыркубзэм фIыуэ ирипсалъэ адыгэ щIэныгъэлIым тынщу кьыхуэгъэсэбэпыну хъарпхъэрфхэр. Ауэ, зэрыхуэбгъэфащэнкIэ, и тхыбзэм абы лъабжьэ хуищIар урыс алфавитыр арагъэнуд.

И Iэрытхэр ди деж къэмысыжами, ар зэрыпэжым и щIыхьэту кьэхпъ хъунущ абы и тхыгъэхэм мэжсуй диным и тхьэхэм, лъэпкъхэм, пщыхэм, кьуажэхэм, щIыпIэхэм я фIэщыгъэ кьыщIыхьэхэр кьызэхуэтыншэу урыс хьэрфкIэ тхауэ кьызэрыщIыкIуэр.

Адыгэ щIэныгъэм, тхыдэм, Iуэрыпсатэм, этнографием зэрелэжьам кьыхэкIкIэ язныныкъуэ еджагъэшхуэхэм Хьан-Джарий щIэныгъэлI кьудейуэ кьалытэ, художественнэ литературэм пэIущIэ зэращIыным иужь ити. Талант абрагъуэ зыбгъэдэлъ а цIыху акъылыфIэм и зэфIэкIхэр и художественнэ тхыгъэ гъэзэджэхэмэ кьыщигъэльэгъуащ, абыхэм пэжу, куууэ щызэфIэгъэувэжащ и лъэпкъым и псэукIар, и гугъуехьрэ и псэрэ емыблэжу и щхьэхуитныныгъэм зэрыщIэзэуар, гурыльгурыщIэ зыгъэIэйтехэр. А тхыгъэ хьэлэмэтхэр 19-нэ лIыщIыкъуэм и пэщIэдзэ дыдэхэм урысыбзэкIэ зэфIэувэу щIэзыдза адыгэ литературэм и япэ лъэбакъэ, кьежьапIэ хуэхъуар.

Хьан-Джарий зыщIапIыкIар урыс литературэрщ, гъащIэр нэхъыбэуи абы кьызэригъэльагъуэр романтизмэм и художественнэ Iэмалхэрщ. Арагъэнущ тхакIуэм нэхъ екъэжьауэ гъащIэ бланкIар кьыщIигъэльагъуэр, егъэлеиныгъэр зэбгжI лIыхъужьхэр щIызэригъэпэщри, лъэпкъ Iуэрыпсатэм и хъыбархэр и тхыгъэхэм лъабжьэ щIахуищIри. Хьан-Джарий и япэ художественнэ тхыгъэр - «Шэрджэс хъыбархэр» - езыр псэу щыкIэ 1841 гъэм кьыдзэкIа «Русский вестник» журналым и тхылъ зэкIэлъыкIуэтIым кьытехуащ. Абы лъабжьэ хуэхъуар адыгэ Iуэрыпсатэм «ЖыуджалэкIэ» зэджэу хэт хъыбар цIэрыIуэрщ.

Дунейпсо щэнхабзэмрэ литературэмрэ езыр-езыру куууэ щыгъуазэ зыхуэзыщIа, урысей демократ обществэм и гъэкIэгъэсэн, и Iуэху еплъыкIэ пэрытхэм тет адыгэ тхакIуэ Хьан-Джарий кьыдалъхуахэм кьакIуэ гъэгуанэ хьэлэмэ, я тхыдэм, я псэукIэм, Iуэрыпсатэм, я зыужьныныгъэм и кIыхь-ныгъэм и Iуэху еплъыкIэ пыухыкIахэр хуиIащ. Уэзщ1акIуэ псэемыблэжьыр егъэхьащI и лъэпкъыр зыхэт кIыфIыгъэм, зыдэт дакъуэзэныгъэм, адэжь щыналъэм кьыхъуэ дэтхэнэ зы Iуэхуэм егъэIейтей, подлжэк, и лъэпкъэгъуэкIи зэIуэзэпащIи, я пщэдейм зыщIымысхыу толажьэ. Абы кьызэриплъытэмкIэ, и лъэпкъэгъуэкIи хуитныныгъэ нэс щагъэутынур, хабзэм, пэжым тету псэу щыхьэнур щэIныгъэр я хэкум тепщэ щыхьэмщэ, зэдзэрэзыуэ ар псоми кьащтэмэщ. Кьыдалъхуахэм я зыужьныныгъэри, и лъэпкъым и зыужьныныгъэри щэIныгъэм зэрырипхым наIуэу кьагъэльагъуэ ар урыс просветителхэм я жьаУэм зэрыщIэтар, ар гъащIэм хэпщэным гуро псэкIэ ерыщу зэрыхуэлэжьар.

Кьэхъун-къэщIэнхэр хьихутэфу ар зэрыщытам и щыхьэту, и тхыгъэхэм ящыщ зым мыр щитхьгъащ: адыгэхэр зыхэт кIыфIыгъэм, гупсысэ, зэхэщIыкI пхэнж зэрытетым иджыкIэ «ди хэкум зыужьныныгъэ нэс щигуэтыну зэманыр дэ пIалъэкIэ тщхьэщагъэкIуэт, ауэ ар дэ тпэIэщIэ пэтми, ди бынхэм я насыпымкIэ затIыжьнущ».

Цыху гъащIэм и пщIэр кьызэрапщIэр илъэс бжьыгъэ кьыгъэщIаракъым, атIэ и IуэхущIапэ дахэхэрщ, цыхуэбзм я фейдэ зыхэпIи и Iэдакъэ кьыщIэкIарщ. Хьан-Джарий гъащIэмзуэ имыIами, и псэ пытыу ар и хэкумрэ и лъэпкъымрэ яхуэлэжащ, мыкIуэдыжьи тыгъэ тельыджэхэри кьыдалъхуахэм кьахуигъэнащ. И лъакъэр псэзэпылъхьэпIэм щита илъэс шынагъэхэм лъэпкъым хьэпэлу зэрыхуэлэжьарц а уэзщIакIуэм и цIэр адыгэ тхыдэм кьыщIыхэнар, нобэрей цIыхухэм пщIэрэ щIыхьэ цIыхуащIыр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Хьэлэлу и лъэпкъым хуэлэжьа

ЕпцIыжакIуэхэм я ухыкIэр

● Тхыдэ

Ахэр - зи лъахэм епцIыжу е псалъэ ятам текIыу бийм гухьэхэр - сыт хуэдэ зэманми щыIащ икIи щыIэну къыщIэкIынущ. Апхуэдэ дыдэуи мыбдеж зыри щелъытакъым ар зыщыщ лъэпкъми къызыхэкIами. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэми зэрыпхъуакIуэхэм яхьыхьахэр мащIэкъым. Нобэ зи гугъу тщIыр сыт щыгъуи щытхъукIэ щIэгъэнаиуэ къэгъуэгурыкIуа кхъухьлъатэзэхуэзэхэрщ. ПIалъэ кIыхькIэ абыхэм зыри тепсэлъыхьу щытакъым.

АРЦКЪЭКIэ зи хэку епцIыжа кхъухьлъатэзэхуэхэр фашист Германием щIэгъэкъуэныщхьэ яхуэхъуащ - зы полк псорэ эскадрильеу хьырэ! Хэбгъэзыхьмэ, ищхьэкIэ кьыщыдзкIа унафэхэм ящыщ зым хэтт «Ябыныкъуэ хъухьлъатэзэхуэхэр щхуэу зэрыщIэпхъуэжьым пэщIэтыным теухуауэ лжжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ» Iыхьэр. Ар дунейм кьыщыстехьари 1941 гъэм и Iэмахуэрт.

Гъэр хуэ ди кхъухьлъатэзэхуэхэр нэмыцхэм адрей зауэлIхэр щаIыгъ концлагерхэм яшэртэкъым. Абыхэм Орш и Гъунэгъуу щIыпIэ щхьэхуэ щыхухахат, ущыпсэуну сыт и лъэныкъуэкIи кьеззэгъыу. 1942 гъэм и шыщхьэуIум майор Филатовымрэ капитан Рипушинскэмрэ офицер гупым я цIэкIэ Вермахтым зыхуагъэзащ урыс эскадрилье кьызэрагъэпэщыну.

Жэрдэмыр дадыгъащ икIи цIыху 22-рэ зыхэт гуп ягъэхьэзыру щIадзащ. АрцхьэкIэ, дзыхь кьыхуащIыртэкъым, кхъухьлъатэхэм ирагъэтIысхьэным епIэщIэкIыртэкъым. Пэжу, зытегуэзэныхьахэр иужькIэ лъабжьэншэу кьыщIэкIащ: зы епцIыжакIуэми ди бжьыгъэзэжакъым.

Апхуэдэ щIэдзэкIэр ягу щрихьым «КъуэкIыпIэ» штабым и полковник Холтерс кьыхилъхьащ, «урыс хьэуа легион» зэфэзэщ кьызэрагъэпэщыну. Абы и жэрдэмыр даIыгъащ: Холтерс езым и кьуэдзэу игъэуващ гъэр хъуа совет кхъухьлъатэзэхуэ полковник Мальцев Виктор. Ар СССР-м зи жагъуэ щащIахэм ящыщт. Граждан хьэуа флотым и тыркумэн кьудамэм и Iэтащхьэу лажьэу властым и бийуэ зэгурыIуахэм яхэтауэ ягъэкъуаншэри, 1938 гъэм ягъэтIысат. Ауэ я кьуаншагъэм щыхьэт техъуэ щамыгъуэтым 1939 гъэм и бжьыхьэм хуит кьащIыжат икIи партым хагъэхьэжат, Ялтэ щыIэ «Аэрофлот» санаторэм и унафэщIуи ягъэуват.

ИтIанэ, мыарэзыкъуэ щIэкIащ... Мальцевым кьулыкъуэкIэ кхъыкIэлъэныкIэт Орёл дзэ округым и ВВС-хэм я штабым и Iэтащхьэу щыта полковник Ванюшинрэ. Яхэтт майорхэри, капитанхэри, лейтенантхэри, хэбгъэзыхьмэ, Совет Союзым и Лhыхъужьыу тIу - майор Бычков Семёнрэ капитан Антилевский Брониславрэ.

Ауэрэ 1944 гъэм и бжьыхьэм КОНР-м (Урысейм и лъэпкъхэр хуит къэщIыжьымкIэ комитет) и ВВС-хэр зэфIагъэуващ. Я хэкум кьапэщIэуэ вэжьну гъэрхэм кьахэкIар мащIэкъым. Уеблэмэ, абыхэм я бжьыгэр цIыху мини 4-м нэсын ягугъащ. ГъэщIэгъэнэщ лъэрымыжь хъуа икIи зи псэр хэкI Ещанэ рейхым апхуэдизкъару зэрызэщIигъэуIуэфар.

Германиер зэрыкагъэщIэнэр псоми я дежкIэ белджылы хъуа пэтми, «Холстер и блгъ шыдрэр» 1945 гъэм и мэлыжьыхьыр кьэсхыу яхуэзфIэкI кьамыгъанэу ди зауэлIхэм кьапэщIэтащ. ИужькIэщ щегупсысар кьапэплъэр зэрымыщIагъуэм. Абы кьыхэкIыу РОА-м (Урысейм и щхьэхуитыкажIуэ армэм) хэтхэм я гъусэу абыхэм я нэхъыбэм нэхъ къащтащ, США-мрэ Инджылызымрэ я дзэхэм гъэру зратмэ. ИужькIэ щIэлъэIуащ политикэ хэщIапIэ кьратыну. Арцхьэкlэ американхэр апхуэдэ епцIыжакIуэхэм зыкIи хуейтэкъым. ЗымащIэрэ яIыгъа иужь ахэр Совет Союзым кьратыжу хуежьащ. Ящэу кьашэжахэм ящыщт Гитлер генерал ицIа Мальцев Виктор. Ар тIэунейрэ хущIэкъуащ зиукIыжыну, арщхьэкIэ апхуэдэ Iэмал имыIэну Бутыр лъэхъуэщым щIадзащ. 1946 гъэм щыщхьэуIум и 1-м генерал Власовымрэ епцIыжакIуэхэм я адрей унафэщIхэмрэ я гъусэу а бзаджэнаджэм и щхьэр щыпалъащ а тутнакъэщым и пщIантIэм. Адрейхэми кьахуэгъуэ а хуэдэ Iэмал имыIэну Бутыр лъэхъуэщым щIадзащ. Ахэр я хэкум епцIыжахэу Бычковымрэ Антилевскэмрэ.

Апхуэдэу яухащ бзаджэнаджэхэм я гъащIэр. Ар икIи захуагъэщ: зыми кьыщIэжIуэн хуейкъым напэншагъэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

Урыс щэнхабзэмрэ щытекIуахэмрэ я ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэ

Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэм, накъыгъэм и 24-м, щекIуэкIащ зэхыхьэ гуапэ. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жылагуэ проектхэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэр и дэIепыкIуэгъуэ.

ЗЭIУЩIЭМ ирагъэблэгъащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жылагуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамбулэт**, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и управленэм и унафэщI **Мыз Маринэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым хэт, «Память в наследство» жылагуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м и ТхакIуэхэм, и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, тхылъ тедзапIэм и унафэщI, тхакIуэ, лъахэхутэ цIэрыIуэ **Котляровэ Марие**, Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» жылагуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Ситниковэ Людмилэ**, КъБР-м ис мусluымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и дэIепыкIуэгъу **Амщыкъуэ Анжелэ**, Налшык и благочиннэм и лIыкIуэ **Осипов Константин**, жылагуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм щыщхэр, еджакIуэхэр, студентхэр.

Библиотекэм и лэжьакIуэхэм тхылъ дапхъэ къызэрагъэпэщащ, Iуэхущ1апIэм и фондым и гъэтIылъыгъэ нэхъ гъэщIэгъуэну къалъытэхэр кьыиэщIиубыдэу. Зэхыхьэм зыкъэрезыгъэхьэлIахэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, зыхагъэгъуэзащ а тхылъхэм.

Зэхыхьэр щыщIидзэм, къэрал махуэшхуэм и тхыдэм, ар зэрыпэIэным щIэдзанIэ хуэхъуэм ухэзыгъэгъуазэ. Абы кьыщыгъэпсыгъуащ махуэшхуэр славян тхыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа уэзщIакIуэхэу, чыристан диныр цIыхухэм яхэзыхьа щих зэкъуэшхэу Кириллрэ Мефодийрэ я цIэм зэрепхар. Абыхэм альифбейр зэрызэхагъэувам и мызакъуэу, инджылыз ущиекэр, псыхэр, тхьэлъэIу тхыгъэхэр зэрадзэкIащ. Зэкъуэшхэм зэхалъха славян тхыбзэм и альифбейрщ нобэр кьызэдэсым къэгъэсэбэныр. Абы и цIэр - кириллицэр - Кирилл и цIэм кьытехьуакIащ. Ящэу ар ягъэлъапIэн щыщIадзар Болгариеращ. Урыс Члисэм и жэрдэмкIэ, щих зэкъуэшхэу Кириллрэ Мефодийр

● Фэеплъ

Апхуэдэхэр нэхъыбатэмэ...

КЪР-м и цIыхубз артист, режиссёр цIэрыIуэ Шэрыпхъ Анатолэ къыхэзгъэлъхьуэ нахьыгъэм и 15-м илъэс 90 ирикъуащ

АРУАН районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ Анатолэ. 1953 гъэм ар щIэныIэсхьащ Москва дэт ГИТИС-м и актер факультетым, адыгэ студием хэту. 1958 гъэм еджапIэр къиухыу Налшык къигъэзэжа нэужь, Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ. А IэнатIэм пылъхьэнщэу пэрытащ 1961 гъэ пщIондэ, ГИТИС-м и режиссер факультетым щIэтIысхьэжыхькIэ. ЕджапIэр екъулIэныгъэкIэ къыщыухым, Барнаул лэжьакIуэ ягъэкIуащ, КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ, Анатолэ Налшык къашэжат. Ар лэжьащ Музыкэ театрым и режиссеру, режиссер нэхъыщхьэу, художественнэ унафэщIу.

Шэрыпхъэр зи Iэщагъэм хуэIэижь режиссерт. Абы фIыуэ къехьулIэрт ди тхакIуэхэм я пьесэхэм къыттращIыкI спектаклхэр дуней псо классикэрэ. Анатолэ игъэува оперэхэмрэ опереттэхэмрэ цIыхухэм ягу кIынэжащ. Апхуэдэхэщ, Верди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», Леонковало Руджеро и «Паяцы», Бизе Жорж и «Кармен», Кьардэн Хьэсэнэрэ Балэ МыкIуэцIэ зэдатха «Мадинэ» оперэхэр, Листов Константин и «Севастопольскай вальс», Модунью Доменико и «Черный дракон», Эшпай Андрей и «Звезда экрана», Легар Франц и «Цыганская любовь», Портнов Георгий и «Улыбнись, Света», Балэ Мухьэдин и «Шэмхьун и фызышIэ», Кальман Имре и «Сильва», Фельцман Оскар и «Пусть играет гитара», Штраус Иоганн и «Цыганский барон», Александров Борис и «Свадьба в Малиновке», Молэ Владимир и «КъагъэпцIа псэпытхьуэхэр», Легар Франц и «Веселая вдова», Жырыкъ Заур и «Гум и щэхуэхэр», Портнов Георгий и «Третья весна» опереттэхэр, нэгъуэщIхэри.

Артист, режиссер Iэзэ Шэрыпхъ Анатолэ пасэу дунейм ехьажащ, ауэ цIыхухэм фIыкIэ ягу кIыщIинэн гъэпсыкIэ дахэ гъэщIэн мыхъуфащ.

Шэрыпхъ Анатолэ дэлажьэу, къэзыцIыхуу щытахэр, и Iыхьлыхэр я гукъэкIыжхэмкIэ къыдогуашэ:

Шэрыпхъ Аслъэн: - Си адэ-анэр зэрысщIэжыкIи хуэдэу, си адэ къуэш Толи фIыуэ сощIэж. Сыкъэзылъхуахэм зымащIэкIи пэммыдзыхьу ар фIыуэ слъагъуу щытащ. ДыщцыкIым Толэ ГИТИС-м щеджэрт. Езым щхьэгъуси быним иджыри игъэтэкъыми, и быним хуэдэу фIыуэ дыкьилъагъурт, гулъытэшхуэ къытхуищIырт. Ди унагъуэм и мызакъуэу, лъэпкъым ди гуфIэгъуэшхуэт Толэ Москва къыщыкIыжьар. Апхуэдэхэм деж нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри лъагъунлъагъу къытхуэкIуэрт. КъыщыкIуэжкIэ щыгъын щIэщыгъуэхэр къытхуихьуэрэ дигъэгушхуэу зэрыщытар нобэми IэфIу дигу кIынэжащ. Толэ езым унэ гъуэ щигъуэтар нэхъ гуваууэщ. Ауэ, бын къыщIэхъуа иужькIи, къытхуиIэ лъагъуныгъэмрэ гулъытэмрэ зымащIэкIи кIэригъэхуакъым.

И тепльэкIэ Толэ лъагъунэуафIэт, щIалэшхуэт, зэкIужт, и хьэл-щэн, и дуней тетыкIэкIэ цIыху пэжт, псэ кьабзэт, губзыгъэт. ФIы и лъэныкъуэкIэ абы куэд хужыпIэфынущ. И концертхэм сыщишэжам деж абы и утыку итыкIэм, и псэльэкIэ екIум сигъэгушхуэрт. ЖыпIэнуракъэ, лъэныкъуэ куэдкIэ ар сэркIэ щапхъэти, ещхь сызэрыхъуным сыхущIэкъуу сыкIэлъыплъырт.

Ди жагъуэ зэрыжунщи, Толэ и ныбжьыр илъэс 63-рэ фIэкIа мыхъуу зэуэзэпсэу тхэкIыжащ. Бетэмал, нэхъыбэрэ тхуэпсэуамэ сыт хъунт! Толэ къыбгъэдэкIа гуапагъэмрэ гулъытэмрэ щыхъэщIэжыкIэ зыманыл дынэмысу дунейм зэрехьажар нобэми дигу кьоуэ.

Тауненовэ Галинэ: - Анатолэ и апэ режиссерт. Музыкэ театрым щызэгъэзэщIа роль нэхъыфIхэр ар щыIэжьа илъэсхэм зэхэзыхьащ. ЗэрыцIыху щабэм емылъытауэ, актёрхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зыдигъэужьыфырт, езым и еплъыкIэм тримыкъузащIу зыхуэИ образым артистхэр дригъэувэфырт. «Похождения Дон-Жуана» опереттэр Красноярск и театрым нэхъ ирагъэкIуа, Шэрыпхъэр режиссер нэхъыщхьэу щIалэжьа зэманым театрым иIа зэфIэкIым хуэдэ нобэ дэплъагъужьыкрыкI.

И щхьэгъусэ Мирэ цIыху губзыгъэщ. Жыпэнэракъэ, и бжэр хьэщIэхэм сыт щыгъуи яхуэзэIухащ. «И Iэгу и Iэнэу мэпсэу», - зыхужаIэхэм хуэдэщ. Я бынхэу Анзоррэ Залинэрэ си нэгу щIэту къэтэджащ. Зэщхьэгъусэхэр къэгъуэгурыкIуащ: зэхуцIытыкIэ дахэ, пщIэ, нэмыс яку дэлъу.

Шэрыпхъ Анатолэ хуэдэ цIыхухэр республикэм и щIэблэм едгъэщIыхун, абыхэм я гъащIэм щапхъэ тредгъэхьи хуэмыжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Шэрыпхъэрыр режиссер нэхъыщхьэу щIалэжьа зэманым театрым иIа зэфIэкIым хуэдэ нобэ дэплъагъужьыкрыкI.

И щхьэгъусэ Мирэ цIыху губзыгъэщ. Жыпэнэракъэ, и бжэр хьэщIэхэм сыт щыгъуи яхуэзэIухащ. «И Iэгу и Iэнэу мэпсэу», - зыхужаIэхэм хуэдэщ. Я бынхэу Анзоррэ Залинэрэ си нэгу щIэту къэтэджащ. Зэщхьэгъусэхэр къэгъуэгурыкIуащ: зэхуцIытыкIэ дахэ, пщIэ, нэмыс яку дэлъу.

Шэрыпхъ Анатолэ хуэдэ цIыхухэр республикэм и щIэблэм едгъэщIыхун, абыхэм я гъащIэм щапхъэ тредгъэхьи хуэмыжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Шэрыпхъэрыр режиссер нэхъыщхьэу щIалэжьа зэманым театрым иIа зэфIэкIым хуэдэ нобэ дэплъагъужьыкрыкI.

И щхьэгъусэ Мирэ цIыху губзыгъэщ. Жыпэнэракъэ, и бжэр хьэщIэхэм сыт щыгъуи яхуэзэIухащ. «И Iэгу и Iэнэу мэпсэу», - зыхужаIэхэм хуэдэщ. Я бынхэу Анзоррэ Залинэрэ си нэгу щIэту къэтэджащ. Зэщхьэгъусэхэр къэгъуэгурыкIуащ: зэхуцIытыкIэ дахэ, пщIэ, нэмыс яку дэлъу.

Шэрыпхъ Анатолэ: - Толэ Мысостыщхьэ Пщыгэбий и щхьэгъусэ. Пщыгэбий и къуажэгъуу, и классэгъуэ щытащ, ГИТИС-м щызэдеджащ, ирагъэкIуа. Ар щыIэ зэдзэпэжащ. ИкъуэкIэ цIыхуфIт, псэ хьэлэмт, и хьэл-щэнкIэ зэтеуфыдат.

Дау Марианнэ: - Гупсысэ куу къызэпIкрыкI цIыхуу, режиссер Iэзэу къытхэтащ Анатолэ. Зи ужь ихьа Iуэху фIагъэр екъулIэныгъэкIэ зэфIихьат. И дэтхэнэ спектаклми щытхъуэ къыпэкIуэрт. Ар и щIыхьэтщ лэжьыгъэм IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэдыхьэу зэрыщымытам. Анатолэ псоми фIыуэ тлъагъурт, пщIэ хуэтащIырт.

Бесчокъуэ Майе: - Си лэжьыгъэм сыхэзышар, си зэфIэкIхэр сызыкъуэсхьымкIэ къызэдэпэкъуар Анатолэщ. А зэманым артистхэр дымащIэ дыдэти, спектакль щырыщым дыхэтыну куэдрэ я къыщытухиуэ щыIэт. Ауэ, дапхуэдизу деззшами, Анатолэ дыфIэлIыкIырти, спектаклхэр ди зэранкIэ щыдгъэIэпхъуа къэхъуакъым. НэгъуэщI зыгуэр абы и пIэм итамэ, хэт ищIэрэ, лэжьыгъэм апхуэдэу дыбгъэдэмыхьэнкIи щхьэ. Абы хуэдэ цIыху щэджащэ нэхъыбэу Тхьэм къыдит!

Бейтыгъуэн Iэуес: - Шэрыпхъэ Анатолэ режиссер нэхъыщхьэу Музыкэ театрым щыIэ зэманым КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм сыщыIакъэжьти, щIэх-щIэхыуэ дызэхуэзэрт. КъищынэмыщIауэ, дызэгъуэнэгурт, ди бжэхэр зэхуэгъэзауэ.

Толэ теухуа гукъэкIыжхэр куэд мэхъу. Абыхэ сэрэ дызэхэзыхьэу, дызэрыпылъагъуу илъэс 20-м къриубыдэу махуэ щIагъуэ блэкIакъым. Пщыхьэщхьэхэм ерыскъы IэфI зытет Iэнэм дыпэрысу лэжьыгъэ IэзэкъкIэ кьыдэхъулIахэм дытепсэлъыхьыжу дыщыст. ЗэфIэкIымыкIащIэми, и щхьэ щытхъужу зэи зэхэпхъунрэ, Iэдэбгъарэ щэныфIагъуэу хэлъым нэхъри игъэжьыфIэрт. АпхуэдизкIэ гушыIэ дахэр и Iэпэгъути, мыхьэнэщхэу, имыIэу къэпльытэ зы Iэхъугъуэ гуэрым теухуауэ гъэщIэгъэнэ гуэрхэр куэдрэ къыщыбжиIэ щыIэт. Кlуэзаракъэ, апхуэдизкIэ хьэл-щэн дахэ куэд зыдэпльагъуцIыху «бегъым-барУ» псэуащ, мо уафэм щыблэ вагъуэм хуэдэу нобэр къыздэсым си нэгу щIэтщ.

Режиссер Iэзэм игъэува спектаклхэр Музыкэ театрым и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ. Ахэр щыхуэкъм ягу къыкIэжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Шэрыпхъэрыр режиссер нэхъыщхьэу щIалэжьа зэманым театрым иIа зэфIэкIым хуэдэ нобэ дэплъагъужьыкрыкI.

И щхьэгъусэ Мирэ цIыху губзыгъэщ. Жыпэнэракъэ, и бжэр хьэщIэхэм сыт щыгъуи яхуэзэIухащ. «И Iэгу и Iэнэу мэпсэу», - зыхужаIэхэм хуэдэщ. Я бынхэу Анзоррэ Залинэрэ си нэгу щIэту къэтэджащ. Зэщхьэгъусэхэр къэгъуэгурыкIуащ: зэхуцIытыкIэ дахэ, пщIэ, нэмыс яку дэлъу.

Сафаровэ Тамарэ: - ЕджапIэ нэхъыщхьэр къэзухри, Налшык и Музыкэ театрым къэзгъэзэжат. Режиссер Iэщагъэм сыхэзышари абы и щхэхуэр сэзыгъэщIари Шэрыпхъэ Анатолэщ.

Лэжьэн щIэздза къудеймэ, Анатолэ спектакль зэхуэмыдэхэр, нэхъыбэу сабийхэм яхуэгъэзахэр, дзыхь кьыхсуиущIырт. «Долгожитель» спектаклыр ягъэзэгъэуащ, ар си дэлъыкIуэгъэгъуэ. Сыт щыгъуи ди чэнджащэгъут, лэжьыгъэм дытригъэгушхуэрт, Iэхъуэгъуэ куэдым гу лъитэрт. Шэрыпхъэм и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ республикэм и гъуэзджэм, щэнхабзэм зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным. Щхьэх хьэхуэлэр зымыщIа лэжьакIуэшхуэт ар.

Толэ и спектаклхэр, опереэр, опереттэхэр цIыхухэм ягу дыхьэрт икIи пэшым щIэзу къежьэлIэрт. ЩIыпIэ Iэджэм - Москва, Харьков, Псков, Ереван, Новгород, Краснодар, Ростов, нэгъуэщI къалэхэми - спектаклхэр екъулIэныгъэ, пщIэ къыпэкIуэу щыдгъэIэзгъуащ.

КъищынэмыщIауэ, Анатолэрэ сэрэ зэгъэунэгъуу дыпсэуэт, зы унэм дыщIэсуи, хьэл-щэн дахэ зэрыхэлъым, зэрыщэныфIэм фIыуэ сыщыгъуазэт. И щхьэгъусэ Мирэ цIыху дыщIэщ, я бынитIыр гъэсащ.

Толэ лъэужь дахэ гъащIэм къыщинащи, а цIыхур гуапэу ди гум илъынщ.

ТекIуЖЬ Заретэ.

Дзэ Iуэху хэхам траухуэ

● Дызэкъуэту

Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэ Ныбжьыщ Iэхэм я республикэ библиотекэм накъыщIам и 23-м щагъэлъэгъуащ урыс къэрал жылагъуэ лэжьакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, сценарист, тхакIуэ, киноактёр, публицист, художественнэ тхылъхэр ящIэкъуэ щыIэкIа Соловьёв Иван и «Красные линии» тхылъыр. А повестыр теухуащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам.

Къыжыпапхъэщ, Донбассыр щхьэхуит къэщIыжьыным теухуауэ урысей зауэлIэр зыхэт дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрахьэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къэзыгъэльагъуэ япэ художественнэ тхыгъэ зэрыщIытыр. Нэгъабэ я тхылъыр хуагуэшащ уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ Донецк и сымаджэщым щIэлъхэм. КъыхiэлъыкIуэу тхылъыр щагъэльэгъуащ Калининград, Тула, Псков, Якутск, Владикавказ, Улан-Удэ, Мурманск, Москва, Владимир, Владивосток, Петропавловск-Камчатск къалэхэм. Иджы чэзыр Налшык къыплъасэ...

Нагъабэ ягъэльагъуащ «Пункт пропуска. Офицерская история» фильмыр - Кърымыр Урысей Федерацэм къызэрыхьэжрэ илъэсибл зэрырикъум теухуар. Абы и сценарийр зытхар Соловьёв Иванщ. Ар къыщыпсалъэм жиIащ повесткр нэгъабэ гъэмахуэм зэритхар, нэгъуэщI тхакIуэхэми я IэдакъэщIакI къызэрыкIэлъыкIуэнум шэч къызэрытримыхьэр. Абы къыхиГъэщащ зэныныкъуэ хуэдожественнэ тхыгъэхэм, псалъэм Iэщэм нэхъри нэхъ къару зэрагъэIэр.

Тхылъыр теухуащ Украинэм щIэ ди щIалэхэм махуэ къэс я къулькъуэр зэрырахьэкIым, унагъуэм и лъапIэныгъэхэр абы нэхъ кууэ зэрыщыдзыхащIэм, я мурадхэм, щIыхубзэ зыгъэгъазэ Iэхуэгъэхэм, - жиIащ Соловьёвым. - ЩIалэгъуалэр дзэ Iуэху хэхам дыхьэхьэн хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэхэм щыпащтыхьыуэрэ яхуэзэрт, ди Хэкум зыри къызэрытемыуар, хамэ щIыналъэм лъы щагъэжэну зэрыхуэмейр жызыIэхэр. Апхуэдэу хъуами, езыхэр кьыттеуэныр зыхуэIуа щыIэтэкъым... Бийм ягъэжьэм уакIэлъыплъмэ, абы иджыпту зэрахьэхэр фашист Iэужьу зэрыщытым гу лъыботэ. Украинэм щыIэ ди щIалэхэм я къалэн нэхъыщхьэр мамыру псэу цIыхухэр яхъумэныгъэ. Ди зауэлI куэдым жаIэ хъуащ я нэкIур зэрамыгъэпщкIнур, щIэукIытэн, я щхьэ щIрахьэхьи Iуэху зэрамылэжьыр. Хэкум и хуэмакIуэ ди лIыхъужьхэм ятеухуа тхыгъэхэмрэ тхыгъэкIэ къызэрытримыхьэр. Абы къыхиГъэщащ зэныныкъуэ хуэдожественнэ тхыгъэхэм, псалъэм Iэщэм нэхъри нэхъ къару зэрагъэIэр.

Тхылъыр теухуащ Украинэм щIэ ди щIалэхэм махуэ къэс я къулькъуэр зэрырахьэкIым, унагъуэм и лъапIэныгъэхэр абы нэхъ кууэ зэрыщыдзыхащIэм, я мурадхэм, щIыхубзэ зыгъэгъазэ Iуэхуэгъэхэм, - жиIащ Соловьёвым. - ЩIалэгъуалэр дзэ Iуэху хэхам дыхьэхьэн хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэхэм щыпащтыхьыуэрэ яхуэзэрт, ди Хэкум зыри къызэрытемыуар, хамэ щIыналъэм лъы щагъэжэну зэрыхуэмейр жызыIэхэр. Апхуэдэу хъуами, езыхэр кьыттеуэныр зыхуэIуа щыIэтэкъым... Бийм ягъэжьэм уакIэлъыплъмэ, абы иджыпту зэрахьэхэр фашист Iэужьу зэрыщытым гу лъыботэ. Украинэм щыIэ ди щIалэхэм я къалэн нэхъыщхьэр мамыру псэу цIыхухэр яхъумэныгъэ. Ди зауэлI куэдым жаIэ хъуащ я нэкIур зэрамыгъэпщкIнур, щIэукIытэн, я щхьэ щIрахьэхьи Iуэху зэрамылэжьыр. Хэкум и хуэмакIуэ ди лIыхъужьхэм ятеухуа тхыгъэхэмрэ тхыгъэкIэ къызэрытримыхьэр. Абы къыхиГъэщащ зэныныкъуэ хуэдожественнэ тхыгъэхэм, псалъэм Iэщэм нэхъри нэхъ къару зэрагъэIэр.

Пащтыхьыуэрэ зыныгъэм обсерваторэхэр яухуэрт, astronomием екъэIа губзыхьыгъэ щыхьэхуэр зэхагъэувэным етлэжь щIэныгъэлI нэхъыфIэхэр езыхэм я дзэ ирагъэблагъэрт. XI лIэщIыгъуэм и кIэхэм Исфахан дэт обсерваторэм и тхьэмадэ хъуа усакIуэ, математик Хайям Омар зэхигъэувауэ щытащ апэ дыгъэ махуэгъэпсыр. Ар григориан махуэгъэпсым нэхърэ куэдкIэ нэхъ тэмэму кьалъытэри, XVI лIэщIыгъуэм щыщIидзауэ, Европэр абы техьащ.

Астрономием щIэныгъэлIхэр зэрыдиихьэхам и фIыгъэкIэ тригонометриям зиужьащ, щым щызекIуэхэм кьагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр ефIэкIуащ, Кьухьэпl я къэралхэм ефIэкIыу картэхэр зэхагъэувэ хъуащ. Аль-Хорезми и тхыгъэхэм яхэтщ математикэ геометриемкIэ хьэрып къэралхэм щыяпэ трактат, «ЩIым и теплъэм и тхыль» зыфIищар. ЩIэныгъэлIым абы тэмэму къыщихьащ щIым и меридиа- ным и зы градусым и кIыгъагъэр зыхуэдизыщ.

X - XI лIэщIыгъуэхэм щыIа, щIэнгъуэзэхэр зэхэлъхьэным телэжьа, географ, астроном, тхыдэтх Абу Рейхан Мухьэммэд кьихутащ щIы хъурейм и кIыхьагъыр зэрыхъур. XII лIэщIыгъуэм Африкэ Ищхьэрэм щыпсэуа Идриси-аль Мухьэммэд Сицилием (а зэманым хытIыгур мусульмэнхэм яIыгъащ) и пащтых Роджер ЕтIуанэм папщIэ итхат «Дуней псор зэпичыну щIэхъуэпсым и гъуэзэ» зыфIищa трактат. Абы ихуа картэхэм ящыщ зыр дыжьыным къыхэщIыкIа гуэр щ джафэм тещIыхьат икIи Европэм щIэупщIэшхуэ щигъуэтащ. Ар иужькIэ къахуэсэбэпыжащ хьм тету къахутэныгъэшхуэ езыгъэжIыкIа Колумб Христофоррэ Васкэ да Гамэрэ.

ЛъОСТЭН Музэ.

● Хьэлэмэтщ

Бжыгъэхэм я къежьапIэр

«Хьэрып бжыгъэ тхыкIэ» щыжьитIэкIэ, ахэр хьэрыпхэм я дежь къызэриклар къыхьдогъащ, япэ дыдэу къыщыгупсысар Индиер ара пэтми. Европей къэралхэм ахэр япэу къагъэсэбэпын щыщIадзар X лIэщIыгъуэрщ - Италием щыщ математик Фибоначчи бжыгъэ зэкIэщIэтхаэр (столбикхэр) тегъэщIапIэ пщIымэ псом нэхърэ зэрынэхъ тыншыр и тхыгъэхэм 1202 гъэм къыщыхигъаща ноужьщ. Абдежым щыщIадзэри, Къухьэпl я къэралхэм я гъащIэм хьэрып бжыгъэхэм увыпIэ щыхьэхуэ щаубыду хуежьащ.

ИНДИЕМ къыщагупсыса бжыгъэхэр Хьэрыпым зэрынэсамрэ къаззрыхуэнамрэ куэдкIэ и фIыгъэщ IX лIэщIыгъуэм псэуа математик Хорезми аль-Мухьэммэд. IэзагъкIэ абы хуагъаз курыт лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм щыIакъым. Латинныбзэм хуагъэхIуа абы и цIэм (Алгоримус) къыхетхьуKIыжащ «алгоритм» псалъэри. «Зэкъуэувэхэмрэ зэпэщIэуэхэмрэ» фIыщIыгъэм щIэту абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъым и «аль-джебр» цIэрщ математикэ щIэныгъэхэм я зы Iыхьэ «алгебра»-р къызытехьуKIыжар. А тхылъым аль-Хорезми япэ дыдэу къыщигъэльэгъуащ алгебрэр, гуэдзэн мыхъуу, квадрат уравненэхэмрэ уравненэ укъуэдиихэмрэ зэращI Iэмалхэм ятеухуа щIэныгъэ щхьэхуэу къэлъытэн зэрыхуейр.

Хорезми аль-Мухьэммэд и IэдакъэщIэкI хэмкIэ Европей университетхэм щрагъэджащ XVI лIэщIыгъуэм нэсауэ.

«Дыщэ лIэщIыгъуэм» хиубыдаислъам математикхэм яхэтакъым астрономием димыьхэха: дыгъэр, мазэр, барыщэр зэрызэхущытымрэ абыхэм я зэблэкIыгъуэзэмрэ теухуа хъуат жащымрэ махуэмрэ я зэхэгъэкIынымрэ, нэмэз щыгъуэхэр, Мэчэм кIуэныр, хы, щIылъэ гъуэгуанэхэр зэпычыныр.

● Хьэрыпым щыпсэуа Идриси-аль Мухьэммэд Сицилием (а зэманым хытIыгур мусульмэнхэм яIыгъащ) и пащтых Роджер ЕтIуанэм папщIэ итхат «Дуней псор зэпичыну щIэхъуэпсым и гъуэзэ» зыфIищa трактат. Абы ихуа картэхэм ящыщ зыр дыжьыным къыхэщIыкIа гуэр щ джафэм тещIыхьат икIи Европэм щIэупщIэшхуэ щигъуэтащ. Ар иужькIэ къахуэсэбэпыжащ хьм тету къахутэныгъэшхуэ езыгъэжIыкIа Колумб Христофоррэ Васкэ да Гамэрэ.

ЛъОСТЭН Музэ.

МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ къудамэщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и Iуэхущ1апIэм и къудамэхэм къахэхуащ - Тэрч районым и Ново-Хьэмидей къуажэм иджы щыIэщ часть №12-р.

АР къащыщэзIуахым ехьэлIа Iуэху гуапэм накъыгъэм и 20-м кърихьэлIащ Урысейм и МЧС-м Оперативнэ управленэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэ **Пучков Михаил**, Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Уэрэзей Альберт**, Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и Iуэхущ1апIэм и зыпIэкъущIэхэу Iэнатl эм и унафэщI **Къардэн Анзор** зи пашэ гупыр.

МафIэс-къегъэлакIуэ частым и унящIэр Новэ-Хьэмидей щыпхуэныр яхуэзэфIэкIащ КъБР-м и Правительствэм и фIыгъэкIэ. Iэмал имыIэу зыхуэныкъуэт ар, сыту жыIэпэмэ, мы къуажэри, абы и гъунэгъу жылитхуи фIыуэ пэжыжьэт районым и ПСЧ-м икIи мафIэс къэхъуауэ хьыбар къаIэрыхьэмэ, щIыпIэм нэсыным дакъикъэ 40-50 текIуадэрт. ЯгъэункIыфIыну къаухуэнэжыр мафIэм зэщIиштам щыщIыхьэ мащIэ дыдэрт.

Иджы апхуэдэ гугъуехьэ щыIэзэранэкIащ: цIыху 9000-м щIигъу Курп ИпщэI, Инарыкъуей, Курп ИщхьэIэрэ, Новэ-Хьэмидей, Терекэ, Хьэмидей къуажэхэм щыпсэуэхэр мафIэсхэм щыхъуна хъунымкIэ щэсыпIэ щыIэ хъуащ иджы. Ираджэмэ, мафIэсгъэункIыфIхэр а щIыпIэм нэхъ псынщIэу нэсынущ, сабийхэми къуажэдэс балигъэхэми драгъэкIуэкI профилактикэ лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэнущ. Абы Iэмал къытынущ, къэхъу мафIэсхэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ, абы я къалэн гугъуехьэхэр гъэзэгъэнэр.

- МафIэс-къегъэлакIуэ частыщIэр къызэрызэIуахар яхуэщхьэпэнущ Тэрч районым щыщ къуажэ куэдым дэсхэм - мафIэсым, къэхъуькIащ къызэрымыкIуэ зэмылIэужьыгъэхэм ахэр щыхъумэным и мызакъуэу, абы и фIыщIэкIэ цIыху 30-м лэжьапIэ Iэнатl я яIэнущ, ахэр ПСЧ-12-м щылэжьэнущ смени 4-у гуэшауэ, - къыхигъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и Iэнатl э» къэрал кIэзэнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Къардэн Анзор.

Новэ-Хьэмидейм и Iэтащхьэ Ардавэ Хьэзэрэтэ къедбжэкIа къуажэхэм щыщ абы и лэжьэгъуэмрэ жаIащ щIызэхуэса Iуэхум мыхьэнэщхуэ зэриIэр икIи ар зи фIыщIэхэм псалъэ гуапэхэр жужаIащ, къудамэм щылэжьэнухэми ехъуэхъуащ бэIутIэIуншэу я къулькъым пэрытыну.

Лентl плъыжьыр зэпаупщIри, ПСЧ-12-р къызэIуахащ, Iуэхум крихьэлIа хьэщIэхэм депомрэ лэжьапIэ пэщэмрэ зэщIапIыхьащ, мафIэс техникэмрэ лэжьакIуэхэм я къалэныр ехьэкIыным ар зэрыхуэщIамрэ зыщагъэзэрыщагъэ.

Къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къиIэтащ «Нальчанка» къэфакIуэ цIыхубз ансамблым (унафэщIыр Филинэ Маринэщ).

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Фэеплъ

Апхуэдэхэр нэхъыбатэмэ...

КЪР-м и цIыхубз артист, режиссёр цIэрыIуэ Шэрыпхъ Анатолэ къыхэзгъэлъхьуэ нахьыгъэм и 15-м илъэс 90 ирикъуащ

АРУАН районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ Анатолэ. 1953 гъэм ар щIэныIэсхьащ Москва дэт ГИТИС-м и актер факультетым, адыгэ студием хэту. 1958 гъэм еджапIэр къиухыу Налшык къигъэзэжа нэужь, Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ. А Iэнатl эм пылъхьэнщэу пэрытащ 1961 гъэ пщIондэ, ГИТИС-м и режиссер факультетым щIэтIысхьэжыхькIэ. ЕджапIэр екъулIэныгъэкIэ къыщыухым, Барнаул лэжьакIуэ ягъэкIуащ, КъБАССР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и унафэкIэ, Анатолэ Налшык къашэжат. Ар лэжьащ Музыкэ театрым и режиссеру, режиссер нэхъыщхьэу, художественнэ унафэщIу.

Шэрыпхъэр зи Iэщагъэм хуэIэижь режиссерт. Абы фIыуэ къехьулIэрт ди тхакIуэхэм я пьесэхэм къыттращIыкI спектаклхэр дунейпсо классикэрэ. Анатолэ игъэува оперэхэмрэ опереттэхэмрэ цIыхухэм ягу кIынэжащ. Апхуэдэхэщ, Верди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», Леонковало Руджеро и «Паяцы», Бизе Жорж и «Кармен», Кьардэн Хьэсэнэрэ Балэ МыкIуэцIэ зэдатха «Мадинэ» оперэхэр, Листов Константин и «Севастопольскай вальс», Модунью Доменико и «Черный дракон», Эшпай Андрей и «Звезда экрана», Легар Франц и «Цыганская любовь», Портнов Георгий и «Улыбнись, Света», Балэ Мухьэдин и «Шэмхьун и фызышIэ», Кальман Имре и «Сильва», Фельцман Оскар и «Пусть играет гитара», Штраус Иоганн и «Цыганский барон», Александров Борис и «Свадьба в Малиновке», Молэ Владимир и «КъагъэпцIа псэпытхьуэхэр», Легар Франц и «Веселая вдова», Жырыкъ Заур и «Гум и щэхуэхэр», Портнов Георгий и «Третья весна» оперетттэхэр, нэгъуэщIхэри.

Артист, режиссер Iэзэ Шэрыпхъэ Анатолэ пасэу дунейм ехьажащ, ауэ цIыхухэм фIыкIэ ягу кIыщIинэн гъэпсыкIэ дахэ гъащIэм щыкIуинащ.

Шэрыпхъэ Анатолэ дэлажьэу, къэзыцIыхуу щытахэр, и Iыхьлыхэр я гукъэкIыжхэмкIэ къыдогуашэ:

Шэрыпхъ Аслъэн: - Си адэ-анэр зэрысщIэжыкIи хуэдэу, си адэ къуэш Толи фIыуэ сощIэж. Сыкъэзылъхуахэм зымащIэкIи пэммыдзыхьу ар фIыуэ слъагъуу щытащ. ДыщцыкIым Толэ ГИТИС-м щеджэрт. Езым щхьэгъуси быним иджыри игъэтэкъыми, и быним хуэдэу фIыуэ дыкьилъагъурт, гулъытэшхуэ къытхуищIырт. Ди унагъуэм и мызакъуэу, лъэпкъым ди гуфIэгъуэшхуэт Толэ Москва къыщыкIыжьар. Апхуэдэхэм деж нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри лъагъунлъагъу къытхуэкIуэрт. КъыщыкIуэжкIэ щыгъын щIэщыгъуэхэр къытхуихьуэрэ дигъэгушхуэу зэрыщытар нобэми IэфIу дигу кIынэжащ. Толэ езым унэ гъуэ щигъуэтар нэхъ гуваууэщ. Ауэ, бын къыщIэхъуа иужькIи, къытхуиIэ лъагъуныгъэмрэ гулъытэмрэ зымащIэкIи кIэригъэхуакъым.

И тепльэкIэ Толэ лъагъунэуафIэт, щIалэшхуэт, зэкIужт, и хьэл-щэн, и дуней тетыкIэкIэ цIыху пэжт, псэ кьабзэт, губзыгъэт. ФIы и лъэныкъуэкIэ абы куэд хужыпIэфынущ. И концертхэм сыщишэжам деж абы и утыку итыкIэм, и псэльэкIэ екIум сигъэгушхуэрт. ЖыпIэнуракъэ, лъэныкъуэ куэдкIэ ар сэркIэ щапхъэти, ещхь сызэрыхъуным сыхущIэкъуу сыкIэлъыплъырт.

Ди жагъуэ зэрыжунщи, Толэ и ныбжьыр илъэс 63-рэ фIэкIа мыхъуу зэуэзэпсэу тхэкIыжащ. Бетэмал, нэхъыбэрэ тхуэпсэуамэ сыт хъунт! Толэ къыбгъэдэкIа гуапагъэмрэ гулъытэмрэ щыхъэщIэжыкIэ зыманыл дынэмысу дунейм зэрехьажар нобэми дигу кьоуэ.

Тауненовэ Галинэ: - Анатолэ и апэ режиссерт. Музыкэ театрым щызэгъэзэщIа роль нэхъыфIхэр ар щыIэжьа илъэсхэм зэхэзыхьащ. ЗэрыцIыху щабэм емылъытауэ, актёрхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зыдигъэужьыфырт, езым и еплъыкIэм тримыкъузащIу зыхуэИ образым артистхэр дригъэувэфырт. «Похождения Дон-Жуана» опереттэр Красноярск и театрым нэхъ ирагъэкIуа, Шэрыпхъэр режиссер нэхъыщхьэу щIалэжьа зэманым театрым иIа зэфIэкIым хуэдэ нобэ дэплъагъужьыкрыкI.

И щхьэгъусэ Мирэ цIыху губзыгъэщ. Жыпэнэракъэ, и бжэр хьэщIэхэм сыт щыгъуи яхуэзэIухащ. «И Iэгу и Iэнэу мэпсэу», - зыхужаIэхэм хуэдэщ. Я бынхэу Анзоррэ Залинэрэ си нэгу щIэту къэтэджащ. Зэщхьэгъусэхэр къэгъуэгурыкIуащ: зэхуцIытыкIэ дахэ, пщIэ, нэмыс яку дэлъу.

Шэрыпхъ Анатолэ хуэдэ цIыхухэ

Хьэрфхэр, дунейм и щэхухэр...

Щхьэлыкъуэ дэт сабий сад №2-м щекІуэкІащ курыт гупым щІэс цІыкІухэм илъэсым зыхурагъэсахэр къыщапщытэжа дерс эзІуха гъэщІэгъуэн. Ар щІэщыгъуэу иригъэкІуэкІащ цІыкІухэм я гъэсакІуэ Тэтэр Жаннэ.

ДЕРСЫМ сабийхэр гъэсэныкъо щІэуэ къеГъэщІэнІамкІэ щыІэ иджырей Іэмал гъэщІэгъуэнхэр къыщигъэсэбэпащ: джэгукІэр, щапхъэ гъэлъэгъуэныр, упщІэ-жэуапыр, зэпеуэр. Бжыгъэхэм, хьэрфхэм, гъэм и зэманхэм, унэ псэущхьэхэмрэ мэз псэущхьэхэмрэ, къэжІыгъэхэм теухуауэ щІыкІухэм ящІэхэр тепльэгъуэрэ упщІэжэуапкІэ къагъэлъэгъащ, пластилинымрэ тхылъымпІэ зэмыфэгъуэхэмрэ щхьэж и жыг къыхащІыкІащ, уэрэд зэдыжаІащ, я анэхэм ящІыгъуу къэфащ. Сабийхэм я гъэсакІуэр щыхьэт техьуащ ахэр гуп нэхъыжьым бгъэІэпхъуэну гъэсэныгъэкІи гурыхуагъкІи къыззралэжьыр.

- Гъэмахуэм, дыгъэм, псыежэх нэжэгужэм, бзу цІыкІухэм я бзэрабзэ макъым дыпожьэ, - жиІащ абы.

- ЦІыкІухэр нобэ зэрыгушхуар, Іуэху дахэм зэрыхэтым папщІэ гуфІэгъуэу я нэкІухэм кърихыр тлъагъури, дэри ди гукъыдэжым зыкъиІэтащ. Нобэ абыхэм къыдата гупсэхугъуэр и фІыщІэщ я гъэсакІуэм, зыхэтщІащ гъэсакІуэмрэ гъэсэнхэмрэ я зэхуаку хабагъэ зэрыдэлъыр, - жиІащ сабий садым и унафэщІ Иуан Агнессэ.

- Сабийхэм ядэлжьэныкІэ щыІэ Іэмал нэхъ щІэщыгъуэ дыдэхэр къыщигъэсэбэпащ нобэ Жаннэ и дерсым. ЦІыкІухэр жану, ягурэ я псэрэ етауэ хэтащ, дэри псэкІэ зыдгъэпсэхуащ! - жиІащ гъэсакІуэ Мэремкъул Иринэ.

Адэ-анэхэм фІыщІэ хуащІащ сабийхэм егугъу гъэсакІуэхэм.

НАФІЭДЗ Ислъам.

ЩІалэ цІыкІухэмрэ бабыщ шырхэмрэ

Йоуэри, игъуэ хъуати, псы бабыщ цІыкІум мурад ещІ и шырхэр мэзым къыщІишу, къуажэбгъумкІэ блишу, гуэлым ишэжыну - хуиту псэун щхьэкІэ. Гъатхэм гуэлыр къыщиукІэ, ар жьжьэ мауэри, абгъуапІэ хъун къэбгъуэтын щхьэкІэ, вёрстищ хуэдизкІэ гуэлым зыпыІубдзу мэз псыпцІэм хэт Іуащхьэжь цІыкІухэм укъэкІуэн хуейт. Гуэлыр уэжа нэужьи а вёрстищыр лъэсу якІужьын хуей мэхъу.

ЦІыхум, бажэм е къашыргъэм къыщалъагъун щІы пцІанэ техьэмэ, бабыщ анэм я ужь зыкъреГьанэ, и шырхэм ятемыплъэкъукІын щхьэкІэ. Арати, кІыщым деж, гъуэгум зэпрыкІын хуей щыхъум, абы шырхэр япэ ирегъэщ.

Мис абдежым ахэр щІалэ цІыкІухэм къыщалъагъури, я пыІэхэр къадзурэ, пыІэ щІагъым щІрагъэубыдэу щІадзэ.

Абыхэм шырэ цІыкІухэр къаубыду я ужь итыху, бабыщ анэм и жьэр ущІауэ къакІэлъэжьыхьащ, гузавэурэ ящхьэпрылъэт-къащхьэпрылъэтыжу щытащ. ЩІалэ цІыкІухэм бабыщ анэри, шырхэм ещхьу пыІэкІэ къаубыдыну щыхуэжьэм ирихьэлІэу сэ сабгъэдохьэ.

- Сыт мы бабыщ шырхэм хувигугъэр? - зызгъэткІийуэ соупщІщІалэ цІыкІухэм.

Шыпнауэ жэуап хъызатых:

- ДутІыпщыжьынщ, - жаІэри.

- «ДутІыпщыжьынщ, дутІыпщыжьынщ!» - сахуогубжь. - Сыт къыщІэвгубыдыхар? Дэнэ щыІэ иджы абыхэм я анэр?

- Мес, мобдей щысщ! - къызэздокІий щІалэ цІыкІухэри, сагъэлъагъу Іуащхьэжь цІыкІур: бабыщ анэр пэжу абы тест, гузавэу и жьэр ущІауэ.

- ПсынщІэу! - сахуолъ щІалэ цІыкІухэм. - ФыкІуи и шырхэр псори ефтыж!

Я гуапэ хъуа хуэдэт сэ абыхэм яжеСІар: бабыщ шырхэр яІыгъуу зэрохь ІуащхьэмкІэ.

Бабыщ анэр тІэкІу Іуолъэт, ауэ щІалэ цІыкІухэр къызэрытекІыжу и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ я деж зыкъедзыж, къащыжьи и мураду. Езым и бзэкІэ быным зыгуэр псынщІэу яжреІэри, зэнтхъыпкъэмкІэ мажэ. Мыдрейхэри шыритху хъууэ абы кІэлъожэ.

Мис апхуэдэу, зэнтхъыпкъэм хэту, къуажэм къыпакІухьурэ, гуэлымкІэ яунэтІыж.

СыгуфІэу си пыІэр щхьэрысхри, згъэуфафэщ аби, сакІэлъыджащ:

- Гъэгу махуэ, шырэ цІыкІухэ! - жыСІэри.

ЩІалэ цІыкІухэр къыссщыдыхьэшхащ.

- СлІо фыщІэдыхьэшхыр, деложь цІыкІухэ? - яжызоІэ абыхэм. - Тынш фи гугъэрэ абыхэм я дежкІэ а гуэлым нэсыныр? ПсынщІэу, фэри фи пыІэхэр щхьэрыфхи, факІэлъыджэ: «ФІыкІэ!» - жыфІи.

Мис а япэм, бабыщ шырхэр къыщаубыдым, гъэгу сабэм иуа пыІэхэр яІэтри, щІалэ цІыкІухэр зэуэ зэдзэгуоуащ:

- ФІыкІэ, шырэ цІыкІухэ! - жаІэри.

ПРИШВИН Михаил.
ЗэзыдзэкІар
НАЛО Заурщ.

ЩІыуэпсым тетхыхьащ

ЦІыкІуэхэ, урыс тхакІуэ Пришвин Михаил зэвгъэцІыхуну дыхуейщ. Абы бзэ дахэкІэ икІи гурыІуэгъуэкІэ тха рассказ куэд иІэщ фэ фыдихьэхыну. Нобэ абыхэм ящыщ зы дыкъеджэнщ.

Пришвин Михаил урыс тхакІуэщ. 1873 гъэм щыІэщыгъэ и 23-м Орлов губернием, Хрущёвэ къуажэ цІыкІум къыщалъхуащ. И адэм шы игъэхъурт, ахэр шыгъажэхэм хигъэтырт. Удз гъэгъажэмрэ жыгхэмрэ игъэкІырт яхуэсакъыу. Абы нэмыщІи, щакІуэ Іэзэти, мэзым кІуэрейт. Арауэ къыщІэкІынущ езы тхакІуэми щІыуэпсыр фІыуэ щІилъэгъуар. Зэдалъхуэзэшыпхъуитхур цІыкІуу къанэри, адэр дунейм ехьажащ пасэу. Сабийхэм я анэ Марие ахэр зыхуей хуигъэзащ, игъэсащ, щІэныгъэ яритащ. ЩІыцІыкІум, Пришвиным хьэблэ сабийхэр и ныбжьэгъути, ахэр зэдэджэгурт дунейр тІэу пкІэгъуэ яхуримыкъуу.

Гимназием щыщІэсым ныбжьыщІэм нэхъ фІэфІт литературэмрэ географиемрэ. И сабиигъуэ хъуапсапІэт дунейр къыззихплъыхьыну. Илъэс куэд дэкІа нэужь, а зыщІэхъуэпсари къеХулІащ. Ар щыІащ Карелием, тенджыз Хужьым, Северная Двинам и мэзхэм, Къэзахъсатыным и къумхэм, Къырымым, Заволжье.

Пришвин Германием и университетым аграрнэ факультетыр къыщихуащ щытащ. Агроному, къуажэ егъэджакІуэу, репортёру лэжьащ. ЩэкІуэн фІэфІт, мэзым щыкІуэкІи Іэмал имыІэу сурэттехыр къызэдащтэрт.

ЩІыуэпсым и дахагъэм итхьэкъурти, фІэфІт псы Іуфэхэм, мэзхэм, удз гъэгъажэр щыкуэд губгъуэхэм зыщиплъыхьыну. Псэущхьэхэмрэ бзухэмрэ набдзэгубдзаплъэ якІэлъыплъырт. Гуапэу тетхыхьырт Пришвиныр щІыуэпсым. ИкІи псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ гулъытэ щахуищІ рассказ кІэщІхэр зыхуэгъэзар сабийхэращ. ГурыІуэгъуэу гъэпсащ апхуэдэ и тхыгъэхэр, сабийхэр тыншу къоджэ, игъащІэкІи я гум ирабыдэ. Рассказхэм цІыкІухэр хуагъасэ гуапэу, дыкъэзыухъуреихь дунейр ягъэлъапІэу, щІыуэпсыр зыхащІэу, псэущхьэхэм ядэІэпыкъуу щытыну.

ЩІыуэпсым теухуа и рассказхэм жыгым пыт тхьэмпэхэр зэрыхъейр, псынэпсыр зэрыпущащэр, жьы мащІэр къэкІыгъэхэм зэредэхащІэр щызыхыбощІэ. ЩІэджыкІакІуэ цІыкІухэр я гупсысэ къабэмкІэ апхуэдэ дуней дахэм хохьэ. ТхакІуэм и лъагъуэм ирикІуэ хуэдэщи, псалъэкІэ абы къигъэлъэгъуахэм кьыхохутэ. Пришвин Михаил зэрысабийрэ фІыуэ ильаГурт бзу цІыкІуэмрэ псэущхьэхэмрэ: ядэджэгурт, якІэлъэплъырт, иджырт, къащхьэщыжьырт. И рассказ цІыкІухэм хыболъагъуэ ныбжьыщІэхэмрэ псэущхьэ цІыкІухэмрэ я зэхущытыкІэр.

«Илъэс куэдкІэ мэзхэм зыщыспІлъыхьын, мафІэ сщІыурэ сыпэрысын хуей хъуащ и зэманыр къэсу а таурыхъхэр, мэз Іэуэлъауэхэр иджыпсту фэр папщІэ згъэпс си тхылъ цІыкІухэм хэзгъэхьэн папщІэ», - итхауэ щытащ Пришвин Михаил.

ГЪУЭТ Синэ.

ГъэщІэгъуэнщ мы тхылъхэр!

- Япэ тхылъхэр илъэс минитІым щІигъу ипэ къэунэхуащ. Ахэр пхъэмрэ шэхумрэ къыхэщІыкІат.

- Нэхъ пасэрей дыдэхэм ящыщ Войнич и ІэрытхкІэ зэрджэр, и унэцІэ дыдэр зыми ищІэркъым. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абыкъэкІыгъэхэм щытотхыхь, ауэ итыр зыхуэдэмрэ и мыхьэнэмрэ нобэ къыздэсым къахутакъым. Сыту жыпІэмэ, щымыІэ бзэкІэ тхащ, абы и къэкІыгъэхэм хуэди щІым щыбгъуэтынукъым.

- Дунейм нэхъ тхылъ лъапІэ дыдзу тетыр Леонардэ да Винчи и «Лестерский кодекс» жыхуиІэрщ. Ар Гейтс Билл аукционым къыщищхуащ доллар мелуан 24-кІэ. ЩэщІэгъуэнщ: тхылъым укъеджэн папщІэ, гъуджэ тебгъэпсэн хуейщ.

- «Путешествия Гулливера» тхылъым къыщыхьащ Марс планетэм и инагъыр. Астрономхэм ар хуащхэутар зэман куэд дэкІауэщ.

- 1899 гъэм, Пушкин Александр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу Польшэм къыщыдагъэкІауэ щытащ «Евгений Онегин» романыр зэрыт тхылъжьей. Ар пщэм иралъхь медальёным тыншу ихуэрт. И гъусэт укъыщеджэкІэ хьэрфхэр ину уэзыгъэлъагъу гъуджэ цІыкІуи. Иджырей тхылъ нэхъ цІыкІу дыдзу тІу щыІэщ. Ялэр Хайам Омар и усэхэр щызэхуэхьэсауэ миллиметри 6,3 кІыхьагъэрэ 4,5 бгъуагъэрэ фІэкІа зимыІэрэ. И хьэлъагъыр грамм 0,07 къудейщ. Абы иужькІи къыдэкІащ нэгъуэщІ зы тхылъжьей: Чехов Антон и «Хамелиониыр» зэрытым и бгъуагъри и кІыхьагъри миллиметр 0,9-рэ хъууэ аращ. Абы укъеджэ хьунущ микроскопкІэ.

- Дунейм псалъалъэ нэхъ ин дыдзу къыщалъытэ илъэси 117-кІэ традза «Нэмыцэ псалъалъэр». Ар том 33-уэ зэхэтщ, напэкІуэцІ 33 519-рэ иІэщ.

- Бразилием къыщыдагъэкІауэ щытащ тхылъ гъэщІэгъуэн, жырым къыхэщІыкІауэ, напэкІуэцІ 200 хъууэ.

- КъызэрахутамкІэ Бонопарт Наполеон нэхъыбэ дыдэрэ литературэ лІыхъужьу тхылъхэм къыщокІуэ. Абы теухуауэ тхылъ 10000-м нэс ятхащ.

- Пасэм тхылъхэр егъэлеяуэ лъапІэт: ахэр ямыдыгъун папщІэ тхылъ телъхьэпІэхэм гъущІ кІапсэкІэ ирапхырт.

- «Google» компаниемкІэ къызэрибжамкІэ, тхылъу дунейм щатхам я бжыгъэр мелуани 129-м щхьэдох.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Светофор

1. Плъыжьым жиІэр

Нэрымылъагъуэм сащІу
кІуапІэ,
Зы пашэгъу гуэри
Сэ симыІэ.
ИтІани, сІэтмэ
Сэ си напІэр,
Машинэ блэжьэр
ЗэтоувыІэ.

2. Гъуэжьым жиІэр:

Сыкъыпхьми гъуэмбым
Жейбащхьэуэнэу,
Фэ фимыгугъэ
Сымысакъыу.
ЗэтеувыІауэ
Щыт машинэр
Ёжьэжьын ипэ
Сыхуосакъ.

3. Удзыфэм жиІэр:

Къыслуамыщ1у
Сэ зы дагъуэ,
Псоми фІыуэ
Сыкъальэгъур.
Сэ машинэм
Сыпэуву,
Зэи къэхъуркъым
Щызгъэгувэ.

ХЬЭЩІЫКІУ Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз



1.	б	а							
2.	б	а							
3.	б	а							
4.	б	а							
5.	б	а							
6.	б	а							
7.	б	а							
8.	б	а							
9.	б	а							
10.	б	а							



Псалъэзэблэдзыр зыгъэхьэзырар **БИЦУ Жаннэщ.**

Жэуапхэр:

1. Бай; 2. Бадзэ; 3. Бжэ; 4. Бэбыи; 5. Бгъин; 6. Банжь; 7. Бальшчик; 8. Башлыкъ; 9. БажэкІэ; 10. Бальчыкъ.

Сэ адыгэ фащэ дахэ щызэтІагъэ,
Нанэ сэ кьыжеІэ: «ТхьэІухуди си нагъуэ!»
Ислъэмей сыкъофэ, сэ зызогъэщІагъуэ,
Гъуджэм сыбгъэдохьэ, зызогъэкІэрахъуэ?!

Сурэтым щыфІьагъур Иуан Денизэ цІыкІуш.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр: Жьэкіэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщіэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894 Тиражыр 1.683 Заказыр №1096 (12+)

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ: *жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорзу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ**. *Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.